# Абы и цIэр зэи ящыгъупщэнукъым

Къэрал, политикэ лэжьакIуэшхуэ Мэлбахъуэ Тимборэ (1917 - 1999 гъгъ.) къызэралъхурэ пщэдей илъэс 90 ирокъу


ФИФИ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№223-224 (21.132) ● 2007 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 17, щэбэт ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru


## ЗэхъуэкIыныгъэхэр даIыгъ

● ЗэIущIэхэр

**Дыгъуасэ Налшык и Музыкэ театрым щIалэгъуалэм я республикэ съезд щызэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ республикэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм щIалэгъуалэр и телъхьэу къызэрыувым. ЗэIущIэр къызэригъэпэщащ «Молодая Гвардия Единой России» Урысейпсо жылагъуэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм.**

АБЫ И ЛЭЖЬЫГЪЭМ хэтащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен,** КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ,** КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий,** КъБКъУ-м, КъБКъМА-м, Гъуазджэмк Iэ Кавказ Ищхъэрэ институтым я ректорхэу **Къарэмырзэ Барэсбий, Жэрыкъуэ Борис, Рахаев Анатолий** сымэ.

Съездым хэтащ республикэм и еджапIэ псоми щIэс ныбжьыщIэхэр. Абыхэм я Iуэху еплъыкIэр къигъэлъагъуэу къэпсэлъащ «Молодая Гвардия Единой России» Урысейпсо жылагъуэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Бещтокъуэ Беслъэн.** ЗэIущIэм къыщаIэтащ щIалэгъуалэм я дуней еплъыкIэм, гупсысэкIэм, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ятеухуа псалъэмакъ купщIафIэхэр.

Республикэм и щIалэгъуалэм захуигъазэу КъБР-м и Президентыр къэпсэлъа нэужь, абы къызэхуэсахэм я упщIэхэм жэуап яритащ. Зи гугъу ящIахэм ящыщщ егъэджэныгъэм, лэжьапIэншагъэм, диным, политикэм, экономикэм, гъащIэм и нэгъуэщI лъэныкъуэ куэдми ехьэлIа Iуэхугъуэхэр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

## Жэуаплыныгъэр ягъэткIиинущ

**Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органхэм я зи чэзу зэIущIэр КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Бечелов Ильяс иригъэкIуэкIащ. Депутатхэр хэплъащ Iуэхугъуэ тIощIым щIигъум. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентым щыIэ Къуэшырокъуэ Залым.**

ЭКОНОМИКЭ политикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Гончаренкэ Михаил** къыхилъхьэри, депутатхэр хэплъащ «Хъарбыжьын» ОАО-м и акцэу республикэм IэщIэлъхэм я проценти 100-р КъБР-м и къэрал мылъкум къыхэгъэкIыным арэзы техъуэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм зэрызакъыхуигъэзам.

Егъэджэныгъэмк Iэ, щIэныгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI **Иванов Игорь** Президиумым хэтхэм я пащхьэ кърилъхьащ «Полномочиехэр зэрызэпагуэшыр зэрырагъэфIэкIуам къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и язынынкъуэ законодательнэ актхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и язынынкъуэ законхэм къару ямыIэжу къэлъытэным и Iуэхукiэ» законым и проектыр. Ар ягъэхьэзыращ республикэ законхэр федеральнэ законодательствэм иргъэзэгъыжын мурадкIэ.

Депутатхэр хэплъащ законхэр къыдэгъэкIынымкIэ жэрдэму Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм я парламентархэм къагъэхьахэм.

ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан** къыхилъхьащ «Дзэм ираджэхэм къулыкъур зэрырахьэкI пIалъэр зэрагъэмэщIам къыхэкIыу УФ-м и акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукiэ» Урысей Федерацэм и законым и проектым. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, мы документым къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр хуэунэтIащ Дзэ къулыкъум щыкIуэну пIалъэр язынынкъуэ цIыху гупхэм хуагъэкIуэтэнымкIэ щыIэ льготэхэр къэгъэнэжыным, дзэ къулыкъум къызэрыхагъэкIыж хабзэхэр гъэтэмэмыным.

Депутатхэр апхуэдэу хэплъащ УФ-м Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр хэлъхьэным теухуа жэрдэмми. А жэрдэмыр зэIущIэм хэтхэм я пащхьэм къыщрилъхьэм Законодательствэмк Iэ, къэрал ухуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Гилиев Борис** къыхигъэщащ, налогхэр тыным пыщIа, адрей уголовно-правовой хабзэхэм къадэкIуэу, налогхэмрэ нэгъуэщIу къыхах ахъшэмрэ тыным зыпыIузыдзхэм, бюджетымрэ бюджетым щымыщ къэрал фондхэмрэ я щIыхуэ зытелъхэм яхь жэуапыр мы документым зэригъэткIийр.

Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Атэлыкъ Анатолий** къыхилъхьэри, парламентархэм аргуэру даIыгъащ псэуныгъэм къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIа хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмрэ я уасэр къэралым зэблигъэкIыным теухуауэ Урысей Федерацэм и унафэщIхэм зэрызыхуагъэзэм.

Бюджет, Налог кодексхэм, 2007 гъэм и федеральнэ бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа жэрдэм зыбжанэ депутатхэм я пащхьэ кърилъхьащ БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Колесников Александр.**

АдэкIэ Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор** тепсэлъыхьащ УФ-м и Псы кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ Нижегородскэ областым и Законубзыху Зэхуэсым къиIэта жэрдэмым. Абы къыщагъэув ираф псы зыдэщыIэ щIыпIэ псоми санитар зонэхэр къыщызэгъэпэщынымкIэ проектхэр фIэкIыпIэ имыIэу ягъэхьэзырын зэрыхуейм теухуа мардэ заоным халъхьэжыну.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим** Президиумым хэтхэм я пащхьэ кърилъхьащ бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэхэм улахуэ етыным и лъэныкъуэкIэ 2007 гъэм фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу щыIэ хъуа щытыкIэм теухуа уэ Волгоград областым и Думэм къэралым и унафэщIхэм зэрызахуигъазэр.

А Iуэху псоми ятеухуауэ зыхуэфащэ унафэхэр къащтащ.

КъаIэрыхьа документхэм щыгъуазэ защIа нэужь, депутатхэм унафэ къащтащ Шал Любовь Хьэсен и пхъум - Дзэлыкъуэкъуажэ къалэ жылагъуэм дэт прогимназие №1-м и директорым, Гъубжокъуэ МуIэед Мухьэрбий и къуэм - «Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и «Аруан» почтамт» IэнатIэ къыхэгъэщхьэхукIам и унафэщIым, Яныкъуей къуажэм зегъэужьыным куэд хэзыщIыхьа ветеранхэу Кучуков Мэхьмуд Азрэт и къуэм, Елей Лидие Хьэжмырзэ и пхъум КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Сэхъу Владимир** и лэжьэгъухэм яхуиIуэтэжащ Къэрал Думэм ПромышленностымкIэ, ухуэныгъэмкIэ, технологие лъагэ хэмкIэ и комитетым и зэIущIэм зэрыхэтар, абы къыщаIэта Iуэхухэр.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

### КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и зи чэзу зэIущIэр. Абы щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

*КъБР-м и Парламентым и Президиум.*

Ди хэгъэгу республикэхэм

### Урысейм и унафэщIхэм зыхуагъэзэ

АДЫГЕЙ. ***Адыгэ Республикэм хуэм-хуэмурэ щызэхуащIыж федеральнэ IэнатIэхэр. Абыхэм я къалэнхэр IэщIалъхьэ апхуэдэ IуэхущIапIэхэу Краснодар крайм щыIэхэм. Ар нэхъри зэкIэлъагъакIуэ хъуащ Адыгейр къэралыгъуэ щхьэхуэу щытыну зэрыхуейр, Краснодар крайм хыхьэну зэрамыдэр цIыхубэм хэкъузауэ къагъэлъэгъуа нужь.***

РЕСПУБЛИКЭМ щызэхуащIыжа IуэхущIапIэхэм ящыщщ Адыгей таможнэр, Ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъыныгъэмкIэ федерал IуэхущIапIэм и управленэу АР-м щыIэр, налогхэмкIэ, наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ IуэхущIапIэхэр, щIыуэпсыр къызэрагъэсэбэпым кIэлъыплъынымкIэ управленэр.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэмкIэ мыарэзыуэ къэуващ пщIэ зиIэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. ЗыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр къыщыгъэлъэгъуа зэрызыхуагъэзэр мы махуэхэм Адыгэ Республикэм и «Шэрджэс конгресс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Бэрзэдж Мурат яхуигъэхьащ Урысейм и Президентым, Къэрал Думэм, ФедерацэмкIэ Советым, Конституцэ судым я унафэщIхэм.

### ЦIыху 200-м нэблагъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм икIыу Саудей Хьэрып къэралыгъуэм хьэжыщI кIуэну гупыр яубзыхуащ. Ахэр цIыху 200-м ноблагъэ икIи нэгъабэ елъытауэ хуэди 2-кIэ нэхъыбэщ.***

КъШР-м и президентым Дин IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и уполномоченнэ Кратов Евгений зэрыжиIамкIэ, Мэчэ кIуэнухэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуар и фIыщIэщ Саудейм цIыхухэр зышэну кхъухьлъатэм и зы рейсым и пщIэр щIыпIэм щыпсэухэм ящыщ зым зэрахуитам. Зи мылъкукIэ ежьэхэм ящыщ гуп автобускIэ кIуэнущ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

**Налшык и Александровкэ хьэблэм щагъэуващ езыр-езыру лажьэ котельнэ. Ар инкъым, ауэ Италием къраша а Iэмэпсымэм 68-нэ, 69-нэ, 70-нэ сабий гъэсапIэхэр тэмэму хуэгъэплъынущ.**

● Тыгъэ гуапэ

### Хуабэ щыщIэнукъым

НЭХЪАПЭМ ахэр зыгъэплъу щытар Суворовым и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет котельнэрт. Абы лъэщагъыр зэрыхуримыкъум къыхэкIыу, гъэсапIэхэм хуабэу зыхуейм хуэдиз яIэрыхьэртэкъым. Дунейр нэхъ щIыIэ къыщыхъухэм и деж, адэ-анэхэм сабийхэр садхэм щамышэххэ щыIэт.

- Иужьрей илъэси 3-м хуабжьу гугъу дехьащ. Сабийхэр зэрыхуэпауэ дгъэжеин хуейуэ къыщытхуихуэ щыIэт. ДяпэкIэ хуабэр зэпымыууэ дгъуэтынущи, абыкIэ къыддэIэпыкъуахэм фIыщIэ ин яхудощI. Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейт къалэ администрацэмрэ промышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр Уянаев Казимрэ, - щыжиIащ котельнэр къыщызэIуахым "Насып" прогимназием и унафэщI Индрокъуэ Светланэ,

Уянаев Казим къызэригъэлъэгъуамкIэ, езыр-езыру лажьэ апхуэдэ хьэкухэр зыхуэщIар сымаджэщхэр, еджапIэхэр, сабий гъэсапIэхэр гъэплъынырщ. Ахэр а IуэхущIапIэхэм щыбгъэувыну тыншщ икIи фейдэ зыпылъщ. Александровкэ хьэблэм щаутIыпща котельнэм текIуэдар илъэси 3-4-кIэ къилэжьыжынущ, гъэплъыным щIат уасэри нэхъ мащIэу щытынущ.

Министрым и къуэдзэ Бэлагъы Борис псалъэ гуапэ яхужиIащ хьэкур и пIалъэм зыгъэува "Восход" ООО-м и лэжьакIуэхэм.

**ЗЕЙ Гъузер.**

## Джэданэ Алим олимп чемпионыр хегъащIэ

●ХъыбарыфI

Урысейм и чемпион, дзюдомкIэ къэралым и командэ къыхэхам и спортсмен пэрыт, килограмм 66-рэ зи хьэлъагъхэм яхэту банэ Джэданэ Алим Пекин щекIуэкIа дунейпсо турнирым щытекIуащ икIи 2008 гъэм екIуэкIыну Олимп зэхьэзэхуэм хэхуэн папщIэ аргуэру зы лъэбакъуэ ичащ.

«Гладиатор» Къэбэрдей-Балъкъэр клубым и гъэсэныр финалым щытекIуащ олимп чемпион Масатэ Учишибэ (Япониe). «А спортсменым ди щIалэр япэкIэ зэи хуэзатэкъым, - жиIащ гъэсакIуэ Саралъп Олег. - А текIуэныгъэм сэ икъукIэ сыщогугъфIыкI, сыту жыпIэмэ къэралым и олимп командэ къыхэхам хагъэхьэну хущIэкъухэм, къапщтэмэ, Сочи щыщ бэнакIуэ лъэщ Верхотуров Виталий, нэгъуэщIхэми Алим иджы фIыуэ япэ ищащ. Ауэ абдеж псори щызэфIэкIауэ къэплъытэ хъунукъым, иджыри Джэданэм къыпэщытщ дунейпсо суперкубокыр къэхьыным теухуауэ Париж, дунейпсо куборыр къэхьыным теухуауэ Прагэ щекIуэкIыну зэхьэзэхуэхэр. Абыхэм къыщихь балл бжыгъэм елъытауэ щытынущ ди спортсменыр олимпиадэм кIуэнухэм зэрахэхуэнур».

**МЕЧИЕВ Асхат,**
*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*

■ ЗэIущIэхэр ■ ТВ, радио нэтынхэр
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Фэеплъ Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

Дунейм щыхъыбархэр

● Мы мазэм и кIэм

**Урысейм 2008 гъэм президент хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну махуэр белджылы щыхъунур щэкIуэгъуэм и 26-рщ.**

Къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэну а махуэр зыубзыхунур Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советырщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, хэхыныгъэхэр етIанэгъэ гъатхэпэм и 2-м ирагъэкIуэкIыным траухуэнущ.

### КIэлъыплъакIуэхэр къэмыкIуэми...

**ОБСЕ-м жиIащ а зэгухьэныгъэм и кIэлъыплъакIуэхэр мы гъэм и дыгъэгъазэм ди къэралым щекIуэкIыну парламент хэхыныгъэхэм къызэримыгъэкIуэнур.**

Абы къелъытэ ахэр зыкIи сэбэп мыхъуфыну. УФ-м НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ Камынин Владимир къыхигъэщхьэхукIащ кIэлъыплъакIуэхэр къагъэкIуэнри къамыгъэкIуэнри дэтхэнэ зэгухьэныгъэми езым и щхьэ Iуэху зэрыщытыр. Абы щхьэкIэ ди деж щекIуэкIыну хэхыныгъэхэм я пщIэр ехуэхынукъым.

### ЩIыунэм щопсэу

**Пензэ областым и жылагъуэхэм ящыщ зым и гъунэгъуу щащIа щIыунэм къыщIэмыкIыу щIэсщ цIыху 30, сабии 4 яхэту. Ахэр поплъэ дунейр щыкъутэжынум.**

ЗэрыжаIэмкIэ, ар къыщыхъунур 2008 гъэм и накъыгъэрщ. ЩIыунэр псэупIэ зыщIахэм ядэркъым дунейм къытехьэн. Гъэр зызыщIыжахэр, уеблэмэ едэIуакъым попым яжриIахэм.

Хабзэхъумэхэм ахэр зыгъэжэкъуа, Кузнецов зи унэцIэ цIыхухъум (ар езыр яхэткъым щIыунэм щIэсхэм) теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

А щIыпIэр милицэм и нэIэ щIэтщ.

### Хабзэ миным щIигъу

**Дыгъуасэ зэхуащIыжащ еплIанэ зэхуэсыгъуэм и Къэрал Думэм и иужьрей сессиер.**

БлэкIа илъэсхэм Ищхъэрэ палатэр хэплъащ хабзэ миным щIигъум. Абыхэм я нэхъыбэр къищтащ. Спикер Грызлов Борис жиIащ депутатхэр купщIафIэу зэрылэжьар икIи абыхэм фIыщIэ яхуищIащ.

**(ИТАР-ТАСС).**

### Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 17, *щэбэт***

◆Азербайджан Республикэм щагъэлъапIэ лъэпкъ къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр (1988).

◆ЩэкIуэгъуэм и 17 - 18-хэм Эр-Рияд (Саудей Хьэрып) щекIуэкIынущ ЩIыдагъэ зыщэ къэралхэм я зэгухьэныгъэм (ОПЕК) хэт къэралхэм я IэтащхьэхэмI я зэIущIэ.

◆Косовэ серб щIыналъэмрэ Метохиемрэ парламент хэхыныгъэхэр щокIуэкI, апхуэдэу властым и щIыпIэ органхэр щыхах.

◆1933 гъэм СССР-мрэ США-мрэ дипломат зэхущытыкIэхэр зэхуагъэуващ.

**◆Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъи 6-м, къухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 39-м.**

**◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 33-рэ.**

**ЩэкIуэгъуэм и 18, *тхьэмахуэ***

**◆Гъуэгухэм къыщыхъу зэжьэхэуэныгъэхэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр щагъэлъапIэ дунейпсо махуэщ.**

◆Латвие Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Латвие Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ (1918).

◆Илъэс 15 и пэкIэ (1992 гъэм щэкIуэгъуэм и 18 - 22-хэм) Сеул Iэ щытрадзащ Урысей Федерацэмрэ Корее Республикэмрэ я зэхущытыкIэхэм я лъабжьэхэм ятеухуа зэгурыIуэныгъэм.

◆ЩэкIуэгъуэм и 18 - 22-хэм Амман (Иордание) щекIуэкIынущ лъэсырыкIуэдзэхэр зэтраукIэным хуэгъэза лагъымхэр ягъэтIылъу, къыщIагъэкIыу, зрагъэубгъуу хуит ямыщIыным теухуа конвенцэм хыхьа къэралхэм я лIыкIуэхэм я еянэ зэIущIэр.

◆Илъэс 80 и пэкIэ (1927) къалъхуащ урысей кинорежиссер цIэрыIуэ, сценарист, драматург, СССР-м и цIыхубэ артист (1984) Рязанов Эльдар.

◆Илъэс 45-рэ и пэкIэ дунейм ехыжащ Данием щыщ физик, иджырей физикэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ, Нобель саугъэтым и лауреат (1922), нэгъуэщI къэралым и цIыхуу СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием хэта Бор Нильс (1885 - 1962).

**◆Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъи 7-м, къухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 38-м.**

**◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 31-рэ.**

**ЩэкIуэгъуэм и 19, *блыщхьэ***

◆Советыдзэхэм Сталинград и деж ебгъэрыкIуэн щыщIадза махуэщ (1942). Iуэхур иухащ германыдзэхэр къанэ щымыIэу къаухъуреихьа икIи абыхэм ящыщ куэд зэтраукIа, езы фельдмаршал Паулюс я пашэу нэхъыбэжыр гъэр ящIа иужь.

**◆Ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ** (1964).

◆ Илъэс 296-рэ и пэкIэ къалъхуащ япэ урыс еджагъэшхуэ, урыс литературэбзэр зэзыхъуэкIа, усакIуэ, сурэтыщI, тхыдэтх, Урысейм университет щIэныгъэр щызэтезыухуа Ломоносов Михаил (1711 - 1765).

◆ Илъэс 90 и пэкIэ къалъхуащ Индием и къэрал, политикэ лэжьакIуэ, премьер-министру щыта (1966 - 1977, 1980 - 1984) Ганди Индирэ (1917 - 1984).

**◆Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакъикъи 2-м, къухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 37-м.**

**◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 29-рэ.**

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:
**ХэкIыпIэ зимыIэ щыIэкъым.**

«КъБР-м и Къэрал лъэпкъ библиотекэ» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэм Мэлбахъуэ Т.Къу. и цIэр фIэщыным теухуауэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр лъэ быдэкIэ увыным къыпхуэмылъытэн хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и политикэ лэжьакIуэшхуэ Мэлбахъуэ Т.Къу. и фэеплъыр мыкIуэдыжын папщIэ икIи къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ, **унафэ сощI**:

1. «КъБР-м и Къэрал лъэпкъ библиотекэ» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэм Мэлбахъуэ Т.Къу. и цIэр фIэщын икIи а IуэхущIапIэм мыпхуэдэ фIэщыгъэцIэ етын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэлбахъуэ Т.Къу. и цIэр зезыхьэ и къэрал лъэпкъ библиотекэ».

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмрэI хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэн хуейщ IуэхущIапIэм и уставым.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен.**

*Налшык къалэ*
*2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м*
*№84-УП*



Мэлбахъуэ Тимборэ. *1977 гъэ*

## Дэфтэрхэм къаIуатэ

**Нобэрэ пщэдейрэ республикэм щагъэлъапIэ Мэлбахъуэ Тимборэ къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъур. А цIыху щэджащэм къикIуа гъуэгуанэм иджыри зэ дроплъэж, дызыщыгъуазэ Iуэхугъуэхэм нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ дабгъэдыхьэу, зыхэдмыщIыкIыххэ эри тфIэгъэщIэгъуэну зыщIэтшэу. Апхуэдэ дэфтэр куэдкIэ къулейщ Тимборэ и уней архивыр. Ар къызэгъэпэщынымкIэ сэбэпышхуэ къытхуэхъуауэ щытащ Мэлбахъуэм ипхъу Ольгэ. КъБР-м и архив хъумапIэм жылагъуэ-политикэ тхылъхэмкIэ и управленэм абы и фIыгъэкIэ къыIэрыхьа дэфтэрхэм яхэлъщ Мэлбахъуэм и гъащIэм щыщу нобэр къыздэсым дызыщымыгъуазэ Iуэхугъуэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри хуабжьу тфIэхьэлэмэтщ, сыту жыпIэмэ а цIыху щэджащэм къигъэщIа дэтхэнэ зы махуэри и Хэкум, цIыхубэм яхуэгъэпсат.**

АПХУЭДЭУ цIыху куэд щыгъуазэкъым Тимборэ и сабиигъуэм. 1917 гъэм щэкIуэгъуэм и 18-м Тэрч куейм хыхьэ Мэртэзей (Дей) къуажэм щыпсэу адыгэ унагъуэ къызэрыгуэкIым къыщалъхуа щIалэ цIыкIум сабиигъуэ тынш иIакъым. И адэр пасэу фIэкIуэда нэужь, ар сабийхэр щапI унэм щыIащ. Абы къыщIэкIри щIыналъэ мэкъумэш еджапIэм щIэтIысхьащ. Абы пэщIэдзэ щIэныгъэ, Iэщ Iагъэ щызригъэгъуэтри агромелиорацэ техникумым и студент хъуащ икIи фIы дыдэу ар къиухащ. 1934 гъэм Тимборэ Новочеркасск дэт инженер-мелиорацэ институтым щIэтIысхьащ. Зы илъэскIэ абы щIэсауэ, абы еджэным щыпищащ Орджоникидзе (иджы Владикавказ) дэт мэкъумэш институтым.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

### Ущие щхьэпэхэр

**Дэтхэнэ лъэпкъми иIэжщ зэрыгушхуэ, и пщIэр зыIэт цIыхухэр. Апхуэдэ цIыхущ Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс 29-кIэ и унафэщIу, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу щыта Мэлбахъуэ Тимборэ. Ар къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу мы махуэхэм республикэм и районхэм, Налшык къалэ щокIуэкI гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ Мэлбахъуэр щеджа Дей къуажэм и курыт еджапIэм дыгъуасэ къыщызэрагъэпэщар.**

МАХУЭШХУЭМ кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я УнафэщIхэм я къуэдзэхэу **Бозий Натбийрэ ДыщэкI Мадинэрэ,** КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Дорохинэ Лидие,** Тэрч район администрацэм и Iэтащхьэ **Пэнагуэ Максим,** депутатхэу **Дадэ Суфэдин, Сэхъу Владимир, Джэш ФатIимэ,** КъБР-м и профсоюз зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэ **Тау Пщыкъан,** Тимборэ и къуэ **Елбэрдрэ** ипхъу **Ольгэрэ,** нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къызэIуихащ Пэнагуэ Максим.

- ПщIэ зыхуэтщI ди хьэщIэ лъапIэхэ, икъукIэ си гуапэщ нобэрей махуэшхуэр къыддэвгъэлъэпIэну фыкъызэрырихьэлIар. Дэ псори дызэхуэзышэсар зы цIыхущ - ди республикэм и мызакъуэу, къэрал псом цIэрыIуэ щыхъуа Мэлбахъуэ Тимборэщ. Псэужамэ, щэкIуэгъуэм и 18-м ар илъэс 90 ирикъунут. Пэжщ, нобэ ди гъащIэм щытепщэр нэгъуэщI политикэ унэтIыныгъэщ, нэгъуэщI Iуэху еплъыкIэщ, ауэ ди цIыхубэм абы хуэфэщэн пщIэ хуащIу щытащ, иджыри хуащI. ФIыщIэшхуэ хуэсщIыну сыхуейщ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, юбилей махуэшхуэхэр Iэтауэ, екIуу къызэрызэригъэпэщым папщIэ.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ иратащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ ДыщэкI Мадинэ.

- Си гуапэщ мы зэIущэм сыкъызэрырихьэлIар. Президентымрэ Правительствэмрэ къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу. Республикэм Мэлбахъуэ Тимборэ и юбилейм зыхуегъэхьэзыр илъэс ныкъуэм щIигъуауэ икIи мы махуэхэм къалэхэм, районхэм щокIуэкI политик щэджащэр щагъэлъапIэ нэгъуэщI зэхыхьэхэри. Си гуапэу согъэзащIэ Къанокъуэ Арсен си пщэ къыдилъхьа къалэныр. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, республикэм къыхуаутIыпща школ автобусхэм ящыщ зы Дей курыт еджапIэм къылъысащ. Абы и гъусэщ зы классым щIагъэувэн унэлъащIи.

Мэлбахъуэ Тимборэ дэлэжьа, абы и ущиехэм щIэдэIуу щыта цIыху зыбжанэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ. Абыхэм ягу къагъэкIыжащ унафэщIым и Iуэху зехьэкIэу щытахэр, цIыхухэм зэрахущытар.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэм и ужькIэ школым къыщызэIуахащ Мэлбахъуэ Тимборэ и фэеплъ плIанэпэрэ класс нэхъыфIыр щеджэну пэшымрэ. Классым щызэхуэхьэсащ унафэщIым и библиотекэм къыхаха тхылъхэр, езым и къэпсэлъэныгъэхэр.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

### ЩIэблэм щапхъэ яхуэхъун хуэдэу

**Налшык дэт курыт еджапIэ №4-м щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу, къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу щыта Мэлбахъуэ Тимборэ къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща конференц.**

ЗЭIУЩIЭМ кърагъэблэгъат Мэлбахъуэ Тимборэ зыцIыхуу щыта нэхъыжьыфIхэр, Налшык дэт 5-нэ курыт школым и гъэсакIуэхэмрэ и еджакIуэ цIыкIухэмрэ. ЗэIущIэм и къызэгъэпэщакIуэхэм мурад нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжар цIыху щэджащэм и гъащIэр, и IуэхущIафэхэр, и зэфIэкI къызэрымыкIуэхэр, абы хэлъа цIыхугъэшхуэмрэ и хэкум, абы щыпсэу дэтхэнэ зы лъэпкъми хуиIа лъагъуныгъэмрэ къытщIэхъуэ щIэблэм щапхъэ яхуэщIынырт.

- Телъыджэу я зэфIэкIыр къагъэлъэгъуащ ди ныбжьыщIэхэм, - жеIэ еджапIэм и унафэщI Нэгъуей Риммэ. - Абыхэм утыку кърахьа лэжьыгъэхэр яфIэгъэщIэгъуэну зэхуахьэсащ. Мэлбахъуэр щыпсэуа унэр къагъуэтри сурэт трахащ, абы ипхъу Ольгэрэ и пхъурылъху Лаурэрэ епсэлъылIащ. А псори къыщагъэсэбэпыжащ зэIущIэм.

Къызэхуэсахэр яфIэгъэщIэгъуэну едэIуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта, Налшык Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Ефэнды Джылахъстэн Мэлбахъуэ Тимборэ теухуа и гукъэкIыжхэм.

**ИСТЕПАН Залинэ.**

# ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм и цIыху щэджащэ,

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

## Дэфтэрхэм къаIуатэ

Архивым къыхэхъуа дэфтэрыщIэхэм ящыщ зым къызэригъэлъагъуэмкIэ, Тиморэ и еджэныр зы зэманкIэ зэпигъэуащ. «1939 гъэм накъыгъэм къыщыщIэдзауэ щэкIуэгъуэ мазэр къихьэху си еджэныр зэпызгъэуащ, - щетх абы 1946 гъэм и автобиографием. - А мазэхэм къриубыдэу сэ экскурсоводу сыщылэжьащ Москва дэт Мэкъумэш гъэлъэгъуапIэм и павильон нэхъыщхьэм».

Институтыр къиуха нэужь, Мэлбахъуэм лэжьэн щыщIидзащ Шэшэн-Ингуш АССР-м. Агроном нэхъыщхьэу Кантыш МТС-м ягъэува щIалэщIэр куэд дэмыкIыу а станцым и унафэщI хъуащ. Куэдрэ пэрытакъым Мэлбахъуэр а IэнатIэм: 1940 гъэм ар дзэм ираджащ Хэкум къулыкъу хуищIэну. Красноармеецу къыщIэзыдза Тиморэ илъэс ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу Брянскэ фронтым хьэуа кIэлъыплъыныгъэмкIэ, связымкIэ и батальон щхьэхуэм и политрукым и къуэдзэ къалэныр пщэрылъ къыхуащI. А къулыкъур абы зэрихьащ Хэку зауэшхуэр иухыу Европэ къэралхэми мамырыгъэр щытепщэ хъужыху. Мэлбахъуэм зауэм щызэрихьа лIыгъэм фIы дыдэу щыхьэт тохъуэ а лъэхъэнэм абы къыхуагъэфэщауэ щыта къэрал дамыгъэ лъапIэхэр. Апхуэдэхэщ сэлэт лIыгъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэ дыдэу «Хахуагъэм папщIэ» медалыр, «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, Хэку зауэшхуэм и орденым и езанэ, етIуанэ нагъыщэхэр.

Дэфтэрхэм къызэраIуатэм ипкъ иткIэ, Мэлбахъуэр фронтым къыщикIыжар 1946 гъэм и щIышылэ мазэращ. Абы къыщыщIэдзауэ 1952 гъэм и гъатхэ пщIондэ ар лэжьащ партым и обкомым и мэкъумэш къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу, партым и Куба райкомым и секретару, иужькIэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и етIуанэ секретару. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, Мэлбахъуэм ар ирихьэкIащ жэуаплыныгъэшхуэ зыхищIэу. А псоми къыхэкIыу 1952 гъэм абы дзыхьышхуэ къырагъэзащ: Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу ягъэуващ. Зэрылажьэм хуэдэурэ, Тиморэ къиухащ КПСС-м и ЦК-м и парт школ нэхъыщхьэр. 1956 гъэм Мэлбахъуэр КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару хах икIи а къулыкъур абы зэрихьащ илъэс 29-кIэ, 1985 гъэ пщIондэ.

Апхуэдэ зэман кIыхькIэ апхуэдэ къулыкъу лъагэ СССР-м и тхыдэм зэи зыми щызэрихьакъым. Мэлбахъуэр ди республикэм и унафэщIу щытыху, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуагъэфэщауэ щытащ къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэр: Лениным и орденыр, Октябрь Революцэм и орденыр, Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и орденыр. Илъэс 18-кIэ зэкIэлъхьэужьу республикэм къратащ КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я Бэракъ Плъыжь зэIэпахыр. А илъэсхэм ди щIыналъэм къыщрахьэлIа нартыху бэвым къыпэкIуэ лъытэныгъэ лъагэт ар.

Мэлбахъуэ Тиморэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ инхэм, мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ. Ар республикэм и тхыдэщ. Абы и ехъулIэныгъэхэращ зыхуэунэтIауэ щытар Тиморэ бгъэдэлъа къарур, щIэныгъэр, зэфIэкIыр. А лъэхъэнэм абы зэфIигъэкIа лэжьыгъэшхуэм фIыщIэ куэди къыпэкIуащ. Мэлбахъуэм кратащ Лениным и ордену 4 (1957, 1971, 1973, 1977 гъэхэм), ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденыр (1966 гъэм), СССР-м и нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэ куэди. Апхуэдэ дамыгъэхэм, щытхъухэм, фIыщIэхэм ятеухуа тхылъхэр, дипломхэр, комсомол, военнэ билетхэр, сурэт хьэлэмэтхэр хэлъщ Мэлбахъуэм и уней архивым. ТфIэгъэщIэгъуэн хъуащ «СССР-м и альпинист» дамыгъэхэм ящIыгъу тхылъхэр. Мыпхуэдэхэр Мэлбахъуэм тIэунейрэ кратауэ щытащ - 1959, 1960 гъэхэм, альпинизмэмкIэ къекIуэкI нормативхэр зэригъэзэщIам папщIэ.

Хьэлэмэт куэд къытхуаIуэтэж Мэлбахъуэм итхыу щыта махуэгъэпсхэм. Ахэр къулейщ къызэрымыкIуэ гупсысэхэмкIэ, республикэм и гъащIэр, тхыдэр къызыхэщ тхыгъэ кIэщIхэмкIэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, мыр: «Тхыдэр - ар лъэпкъым и лъабжьэращ; ар нэхъ кууэ щIым (тхыдэм) хэкIэхункIэ, жыгыр нэхъ лъэщщ, нэхъ гъащIэ кIыхь иIэщ». Мис нэгъуэщI зыи. Ар теухуащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къэралым щекIуэкIауэ щыта зэхъуэкIыныгъэхэм. «Дуней псом щынэхъ лъэщ дыдэ политикэ партыр - Совет Союзым и коммунистхэм я партыр - зэман кIэщIым къриубыдэу зэхэщэщэжыныр, хаутэжыныр, дунейпсо цIыхубэм я пащхьэм щыгъэпудыныр, пцIыкIэ щIэгъэнэныр дауэ къызэрыхъуар…».

Республикэм щыпсэухэм гуимыхуж ящыхъуауэ щытащ 1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я съездым Мэлбахъуэм къыщипсэлъауэ щытар. Мис абы щыщ сатырхэр: «Ныбжьэгъухэ, лъэпкъкIэ, щIыналъэкIэ зыдгуэшыфыну пIэрэ? Хьэуэ. Балъкъэрхэм я зэхуэдитIыр адыгэ жылагъуэхэм щопсэу. Картэм щиптхъэ хъунщ Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щхьэхуэщхьэхуэ зыщI гъунапкъэхэр, ауэ Налшык пхуэгуэшынукъым, Iуащхьэмахуэ зэрыпхуэмыгуэшынум хуэдэ дыдэу. Пхуэгуэщынукъым университетыр, Тырныауз дэт комбинатыр зэрыпхуэмыгуэшыным хуэдэу. Апхуэдэу базэхэр, хъумапIэ складхэр, транспортыр, ухуэныгъэ зэгухьэныгъэхэр, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэри бгуэш хъунукъым. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри ди республикэр зыгъэпсэу лъынтхуэщ. Хъунукъым, ныбжьэгъухэ, бгуэш щIэныгъэр. ЩыIэкъым адыгэ е балъкъэр медицинэ…».

Си гуапэу къыхызогъэщ, Мэлбахъуэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа сурэт куэд мы махуэхэм ди архивым къызэрыIэрыхьар. Зэи димыIауэ абыхэм яхэлъщ Тиморэ и адэ Къубатий и сурэтыр. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ар 1911 гъэм трахащ. Апхуэдэу хьэлэмэтщ Тиморэ и анэ МэкIэтIей Къэралжанрэ и щхьэгъусэ Нинэрэ я гъусэу зытригъэха сурэтри, нэгъуэщIхэри. Сурэтхэм яхэлъщ Мэлбахъуэр къэралым и лIыщхьэхэм, цIыху цIэрыIуэхэм, Сириемрэ Йорданиемрэ къикIауэ ди университетым щеджэ ди лъэпкъэгъухэм ящIыгъуу трахахэри.

Апхуэдэу ди хъумапIэм щIэлъщ иджыблагъэ къытIэрыхьахэу Мэлбахъуэм и щхьэгъусэ Нинэ и уней дэфтэрхэр, зэIущIэ зэхуэмыдэхэм республикэм и УнафэщIым щищIауэ щыта докладхэр, нэгъуэщIхэри.

Мэлбахъуэ Тиморэ и фондым хэлъ дэтхэнэ зы дэфтэрми къэрал къулыкъущIэм, къызэгъэпэщакIуэ ахъырзэманым, цIыхушхуэм и гъащIэ купщIафIэм нэхъри щыгъуазэ уещI, абы иIа гупсысэхэм, гурылъ-гурыщIэхэм, и псэ къулейм нэгъуэщIынэкIэ урегъэплъыж.

**АЩХЪУЭТ Раисэ,**
*КъБР-м и Архив къулыкъущIапIэм жылагъуэ-политикэ дэфтэрхэмкIэ и управленэм и унафэщI.*

**Мэжэр (Венгрие) Республикэм и УнафэщI Кадар Янош и гъусэу Мэлбахъуэ Тиморэ Шэджэм аузым щакIуэ щыIэщ.** *1977 гъэ*

**КПСС-м и ЦК-м и секретарь, академик Пономарев Борис Налшык щохьэщIэ.** *Сурэтыр 1976 гъэм трахащ.*

## Гулъытэ

КПСС-м и ЦК-м и парт еджапIэ нэхъыщхьэм сыщеджэрт, журналист IэщIагъэр къыхэсхауэ. ЕджапIэр къэзухыным сынэблэгъауэ, «Правда», «Известия» газетхэм къулыкъу къысхуагъэлъагъуэ. Ауэ си Iуэхухэр нэгъуэщI зыгуэрурэ къокIуэкI.

ЕджапIэр къэзухауэ, среджэ партым и ЦК-м Кавказ Ищхъэрэ республикэхэмкIэ жэуап зыхь къызэгъэпэщакIуэу щыIэ Баранов Михаил. «Еджэт» жеIэри, телеграммэ къысIэщIелъхьэ. Абы итт мыпхуэдэу: «КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомыр щIолъэIу парт еджапIэ нэхъыщхьэр къэзыуха Ефэнды Дж. Къ. къытхуэвгъэкIуэжыну, ар унафэщIу парт лэжьыгъэм къыщыдгъэсэбэпын папщIэ».

А зэманым Хрущев Никитэ и къыхуеджэныгъэ щыIэт, щIыналъэ пхыдзахэм сыт и лъэныкъуэкIи, псом хуэмыдэу IэщIагъэлIхэмрэ парт лэжьакIуэхэмкIэ, ядэIэпыкъун хуейуэ. Абы куэдыр фIыуэ щыгъуазэт. «Ныбжьэгъу Баранов, - жызоIэ, - сыщылэжьэну IэнатIэхэр къысхуагъэлъагъуэ «Правда», «Известия» газетхэм. Сэ журналист лэжьыгъэр нэхъ къэсщтэнут».

«Мыбдежым нэхъ ягъэнэхъапэнур, - къызетыж жэуап, - щIыпIэ пхыдзам къикIа лъэIурщ. Ар уэри уощIэ. Егупсыс. Пщэдей къакIуи, къыхэпхынур къызжеIэ».

ЕтIуанэ махуэм Барановым и деж сыщIохьэри, газетым сыщылэжьэныр сызэрихъуэпсапIэр хуэсIуатэу сыздэщысым, бжэр къыIуехри, нэкIуэпакIуэу пэшым къыщIохьэ… Мэлбахъуэ Тиморэ. ФIэхъус зэтха нэужь: «ФIэфIыщэкъым нигъэзэжыну», - жеIэ Барановым. «ФIыщIэ пхузощI уи дзыхь къызэрызэбгъэзам папщIэ, - зыхузогъазэ Мэлбахъуэм икIи парт унафэщI лэжьыгъэр зэрысфIэмыфIыр щызбзыщIыркъым. - Сэ журналист Iуэхухэрщ нэхъ сыдэзыхьэхыр».

ЗаулкIэ дызопсалъэ. ИкIэм-икIэжым Тиморэ сыкъегъэгугъэ партым и обкомым и бюром хэтхэм ечэнджэщу, къулыкъу схуэхъунур иубзыхуну.

СыкъокIуэж Къэбэрдей-Балъкъэрым. Мэлбахъуэр гуапэ дыдэу къысIуощIэ. Тхьэмахуит I хуэдизкIэ зызегъэгъэпсэху. ИтIанэ мыпхуэдэу къызжеIэ: «ЗэкIэ обкомым инструктору щылажьэ, адэкIи зыгуэрурэ хъунщ…»

Мазищ докIри, Налшык къалэ парт комитетым и етIуанэ секретару сыхах…

Сэ Тиморэ дапщэщи фIыуэ къысхущытащ. «ФIыуэ» жыхуэсIэм къизгъэкIыр захуагъэщ, гулъытэщ, нэмысщ. Абы къызита дерсхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, мыр: дэтхэнэ лэжьыгъэ IэнатIэми щызэфIэгъэкIын хуейщ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр, цIыхухэм я дежкIэ сэбэпхэр.

Мэлбахъуэ Тиморэ щIэныгъэфI зиIэ, жэрдэм, гулъытэ жан зыхэлъ, гурэ псэкIэ зи къалэнхэм хуэпэж цIыху хьэлэмэтт. Шэч къытесхьэркъым абы и цIэр ди республикэм и тхыдэм игъащIэкIэ нуру, вагъуэ телъыджэм ещхьу, зэрыхэтынум.

**ЕФЭНДЫДжылахъстэн,**
*КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта.*

## Фэеплъ нэху

**Мэлбахъуэ Тиморэ зыхуэдам сыщегупсысыжкIэ, согъэщIэгъуэж абы Iущыгъэу, къабзагъэу, цIыхуфIагъыу хэлъар зыхуэдизыр. Ар цIыху телъыджащэт, и зэфIэкIыр инт, куэдым я дежкIэ щапхъэфIт, гъуазэфIт.**

ФIЫЩIЭ ЛЕЙ хузощI абы си лъэпкъэгъу балъкъэрхэр хуит къэхъужу я адэжь лъахэм къыщихьэжам мылъкукIэ, псалъэ гуапэкIэ зэрызащIигъэкъуам папщIэ. Тиморэ хэлIыфIыхьащ балъкъэрхэм я экономикэм, щэнхабзэм зегъэужьыным.

Си щхьэкIэ икъукIэ фIыуэ къысхущытащ а цIыху хьэлэмэтыр - ади къуэши къысхуэхъуащ. ЧэнджэщыфIхэмкIэ къысщхьэпащ.

СощIэж Афганистаным сыкIуэн зэрыхуейр щыжесIам и жагъуэ зэрыхъугъар. Ар къысщхьэщыжыну, къыскъуэувэну, зауэр щекIуэкI щIыпIэм симыгIыпщыну хэтащ. Ауэ КПСС-м и ЦК-м Iуэхур ткIийуэ къиIэтри, а щIыпIэм щыIэну зытехуэхэри иубзыхуат. Си дежкIэ къемызэгът икIи емыкIут «ищхьэмкIэ» щащIа унафэм себэкъуэну.

Афганистаным сыщежьэм, Москва къыщысIущIэри, гуапэу къызэпсэлъауэ щытащ. Мыпхуэдэуи къызжиIэгъат: «Уэ къэбгъэзэжынущ сэ партым и обкомым и япэ секретару сыщымытыжу. Сигу ирихьыркъым, Борис, нобэрей парт лэжьакIуэщIэхэр».

УнэцIэ гуэри къримыIуами, си дежкIэ гурыIуэгъуэт абы зи гугъу ищIыр. Къэралыр зэрыхьзэрий куэдым хагъэупIат Горбачев, Лигачев сымэ я гупым. Абыхэм зэхэзехуэн ящIат парт, совет унафэщIхэр, псом хуэмыдэу лъэпкъ республикэхэм я Iэтащхьэхэр. Куэд хъуат бзэгузехьэхэр, унэцIэ зыщIэмыт письмо зытххэр, зи унафэщIхэр зыгъэулъиину хэтхэр. ЗэрыжиIам ещхьыркъабзэу, 1985 гъэм Мэлбахъуэр «езым фIэфIу» и къулыкъум къытрагъэкIыгъащ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Афганистаным сыкъикIыжащ, си щхьэ сыщытхъужу къыффIэмыщI, ди къэралми Афганистанми я дамыгъэ лъапIэхэр схэлъу, зэрыжаIэщи, «си напэр къабзэу, дяпэкIи нэхъыфIыжу Хэкум сыхуэлэжьэну сыхьэзыру». Ауэ партым и ЦК-м щызагъэлъэгъуащ напэкIуэцI хыщI хъу тхыгъэшхуэ, Мэлбахъуэмрэ абы и лэжьэгъуу щытахэмрэ (сэри сахэту) мыхъумыщIагъэ куэд ялэжьауэ зыIуатэр. Тхыгъэшхуэм щIэдзат цIыху Iужажэ, пцIыупс, зи къалэнхэм хуэмыхьэлэл зыкъомым я цIэ-унэцIэхэр.

Абы узэгуимыгъэпу къэнэнт? Нэхъ Iеижу къыстехьэлъащ (ар псынщIэ дыдэу къызгурыIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрызгъэзэжу) партым и обкомым и япэ секретару ягъэува Елисеев Е.А. тхыгъэ мыщхьэпэм Iэ щIэзыдзахэм зэрателъхьэр, абыхэм къазэрыщхьэщыжыр. Зыхуэзгъазэри, жесIэгъащ Мэлбахъуэр бгъэпуд зэрымыхъунур, абы и цIэр республикэм и зыужьыныгъэшхуэхэм быдэу зэрыпыщIар. Зи гугъу сщIа тхыгъэшхуэм Iэ щIэзыдзахэм ящыщ гуэрми мыпхуэдэу сещIыгъащ: «Сыту умыукIытэрэ! Хэт сыт жиIэми, уэ упсэуху кIэ фIыщIэ хуэпщIын хуеящ Мэлбахъуэ Тиморэ. Щхьэ пщыгъупща абы къыпхуищIар?..»

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, Елисеевым игъуэу къыгурыIуащ Мэлбахъуэр зэриубым езым и фейдэ лъэпкъ къызэрыхэмыкIынур, защихъумэуи щIидзащ фэрыщIу къыщытхъухэм, къуаншагъэ езыгъэлэжьыну хэтхэм.

А зэманым Тиморэ и гум щыщIахэр хэт жиIэфын? Езыр зыми хуэтхьэусыхэртэкъым, Iейуэ къыхужаIэ псори япимыдзыжIауэ ишэчырт. Абы и щхьэм хуигъэфащэртэкъым зыгуэрхэм яфIэнэну, зигъэзэхуэну.

Ауэ зызыгъэдемократхэм ди республикэр Iыхьит I-щыуэ зэкIэщIатхьыу щыщIадзэм, псэлъапIэ лъагэм къиувэри, республикэм ис псоми зэхахыу икIи ялъагъуу жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэкъуэту икIи мамыру дапщэщи щытын зэрыхуейр. Апхуэдэ къыхуеджэныгъэр жэуапыншэуи къэнакъым. Мис аращ нобэ зыуэ щыт ди щIыналъэ гъуэзэджэр зи фэеплъ нэхухэм Мэлбахъуэ Тимбори ящыщу къыщIэтлъытапхъэр.

**ЗУМАКУЛОВ Борис,**
*партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ, етIуанэ секретарь къулыкъухэм пэрыта, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор.*

**СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщI Подгорный Николай Лениным и орденыр кърет.** *1977 гъэ*

## Нэмэс лъагэ зыхэлъ

**Си гум схужиIэркъым ар тщIымыгъужу. Зэманыр япэкIэ кIуэтэхункIэ нэхъыфIу зы хызощIэ а цIыху гъуэзэджэм и IэужьыфIхэр, ар гурэ псэкIэ и лъэпкъым, и Хэкум зэрыхуэлэжьар, и къалэнхэм зэрахуэпэжар.**

СОВЕТ СОЮЗЫРзэхакъутэжа нэужь, къэралым щекIуэкIхэр гущIыхьэ зэрыщыхъур имыбзыщIу, абы мыпхуэдэу къызжиIэгъащ:

- ЩыIэщ цIыху IэужьыфIэхэмрэ фIыр зыIэщIэкIуэдахэмрэ. Ельцинрэ Горбачеврэ зэхэкъутакIуэхэм ящыщщ. Ар мыгъуагъэшхуэщ ди къэралым и дежкIэ. Ауэ нобэ тлъагъу псори мыхъумыщIагъэшхуэм и щIэдзапIэщ.

Ар жыжьэ плъэфырт. Ауэ аракъым си псалъэр зытезгъэщIэнур. Сыхуейщ къыхэзгъэщыну Мэлбахъуэ Тиморэ IэужьыфIэу, къэухьышхуэ зиIэ, Iущагъ ин зыхэлъ цIыхуу зэрыщытар.

Ар мэкъумэш хозяйствэм щыакадемикт, промышленностым щыинженерт, экономикэм щыаналитикт. А зэманым компьютерхэр щыIакъым, ауэ Тиморэ и гурыхуагъэр зыхуэдэ щымыIауэ къысфIощIыж.

Мэлбахъуэр республикэм и Iэтащхьэу щыщыта зэманым ди щIыналъэм зэхъуэкIыныгъэфIу игъуэтар пхуэмыIуэтэщIыным хуэдизщ.

Псалъэм папщIэ, къыпхуэмыцIыхужыным хуэдэу ефIэкIуащ Iуащхьэмахуэ лъапэ и теплъэр. Мыбдежым щаухуащ иджырей хьэщIэщ дахэу зыбжанэ, кIапсэ гъуэгухэр, альпинист унэхэр. Налшык адэ-мыдэкIэ къыщыхутащ зыгъэпсэхупIэ унэ зэмылIэужьыгъуэхэр, кинотеатрыщIэхэр, уэрам, хьэблэ теплъафIэхэр.

Тиморэ фIыуэ къыщацIыхурт ди къэралым. ПщIэ къыхуащIырт унафэщIышхуэхэми. Абы и щапхъэхэм ящыщу сыкъытеувыIэнщ зы закъуэм.

Налшык къэкIуат ВЦСПС-м и унафэщI Гришиныр. Автомашинэкlэ ди хьэщIэр Долинск тшэрт. Мэлбахъуэмрэ сэрэ щIыбагъ тIысыпIэм дыщыст, ди хьэщIэр шоферым бгъэдэст. Стадионым дыщынэблагъэм, Тиморэ адыгэбзэкIэ сеIущэщащ, «Ахъшэ щхьэкIэ селъэIун сфIощI,»- жысIэри. Ар мыарэзыуэ къызэплъащ: «УмылъэIуэ, емыкIущ. Москва укIуэмэ жепIэнщ дызыхуэныкъуэхэр». СыукIытэжауэ, си щхьэр «зыфIэзудыжу» сыздэщысым, стадионым дынэсати, Виктор Васильевич къызоупщI: «Сыт мыбдежым щывухуэр?» Си гур къызэрогъуэтыжри, мыпхуэдэу жызоIэ: «Стадионыр зыдогъэпэщыж. Iуэхур и кIэм нэблэгъат. Уэздыгъэшхуэхэр дгъэувынути, ахъшэр тхуримыкъуу дыкъэувыIэжащ».

- Сыт хуэдиз фызыхуеинур?- къызоупщI.

- Сом мин щэщI хуэдиз (а зэманым ар ахъшэшхуэт).

- Москва унакIуэмэ, лъэIу тхылъ нысхущIыхьэ.

Тиморэ къысхуеплъэкIащ, гукъанэ къызэрысхуищIыр и нэгум къищу, ауэ зыри жиIэгъакъым. Ар нэмыс лъагэ зыхэлъ цIыхут.

И щхьэ Iуэхухэр зыуи кърыдзэртэкъым. Зэгуэрым ди республикэм къыхуэкIуат япон телевизору зыкъом, видеомагнитофонхэри я гъусэжу (абы щыгъуэ апхуэдэ мылъкум куэдыр щIэхъуэпсырт). Ахэр егугъуу ягуэшри, районхэм зэбграгъэхат. Тиморэ къалэ жыжьэ гуэрым щыIэти, абыи къыхуагъэнат, ар имыдэнкIэ зэрыхъунур ящIэми. Имыдэу колхоз гуэрым хуригъэшэгъащ.

А зэманым Москва и Iызыныншэу, планым хэмыту ухуэныгъэ гуэри къебгъажьэ хъуртэкъым. Тиморэ къэрал хабзэхэм пщIэшхуэ хуищIырт. Ауэ зэзэмызэ къэхъуащ «щхьэзыфIэфIагъ» щилэжьа. Апхуэдэ щIыкIэкIэ яухуэгъащ профсоюзхэм ЩэнхабзэмкIэ я уардэунэр, Сосрыкъуэ и фэеплъыр, «Фэндырэ» шхапIэр, нэгъуэщIхэри.

Гулъытэшхуэ яхуищIырт цIыхубзхэм. Мэлбахъуэм и фIыгъэкIэ къулыкъу лъагэхэм пэрыуващ, хъарзынэуи я къалэнхэр ягъэзэщIащ бзылъхугъэ куэдым. Абыхэм яхэтащ министрхэри, предприятэшхуэхэм, колхозхэм я унафэщIхэри, парт, совет лэжьакIуэхэри. Ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэм я Iыхьэ щанэр цIыхубзт.

Си гуапэу сигу къызогъэкIыж Тиморэ и щхьэгъусэ Нинэ Степановнэ цIыху пэжу, нэмысыфIэу, сыткIи щапхъэфIу зэрыщытари. Ар унэгуащэ, быницым я анэ къудейтэкъым, щIэныгъэфI зиIэт, мэкъумэш институтыр къэзыуха, куэдкIэ и лIым чэнджэщэгъу хуэхъуф цIыхубз ахъырзэмант.

Тиморэрэ Нинэ Степановнэрэ зэдэпсэуащ дахэу, зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, мылъку зэхуамыхьэсами, зэдапIащ бын хъарзынэхэр.

Мэлбахъуэ Тиморэ къызыхэкIа лъэпкъым хьэлэлу хуэлэжьащ и гъащIэр иухыху. Ар къызэгъэпэщакIуэ, ухуакIуэ, IэужьыфIхэр зиIэ цIыху хьэлэмэтт.

**СЭБАНШЫ Розэ,**
*Облсовпрофым и унафэщIу, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта.*

## Адыгэм зиужьын папщIэ

**●Документым къеIуатэ**

**КПСС-м и ЦК-м и Япэ секретарь Хрущев Н.С. и деж**

*ПщIэ зыхуэтщI Никитэ Сергеевич!*

Къэбэрдей партзэгухьэныгъэр хуабжьу зыгъэпIейтей, ауэ иджыри къэс и щхьэр течауэ КПСС-м и ЦК-м къыщыдмыIэтыфа зы Iуэхугъуэ мы тхыгъэмкIэ Фи пащхьэ ислъхьэну сыхуейщ.

Совет лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьын и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей АССР-р адрей лъэпкъ республикэхэм икъукIэ къакIэрыхуащ икIи и хозяйствэр япэкIэ зымыгъэкIуатэ ныкъусаныгъэ куэд щыIэщ. А къыкIэрыхуныгъэр къыхокI цIыхубэ хозяйствэмрэ щэнхабзэмрэ кIуэ пэтми нэхъ хуабжьу зыхуэныкъуэ, Iэзагъ ин зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр езы лъэпкъым къыхэкIауэ зэримыIэм, зэримыгъэхьэзырым икIи апхуэдэ Iэмал Къэбэрдейм зэримыIэм.

Промышленностыр, мэкъумэшыр, узыншагъэр хъумэныр, щIэныгъэр, щэнхабзэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр лъэпкъ IэщIагъэлIхэмкIэ Къэбэрдей АССР-мрэ адрей автоном республикэхэмрэ къызэрызэгъэпэщар зэбгъапщэмэ, ар зыкIи ялъэщIыхьэркъым. Къэбэрдейм Осетиер ебгъапщэ хъунущ (зэхуэдизщи), ауэ абыи ди ефIэкIыныгъэ къигъэлъэгъуэнукъым. Зэрыщыту къапщтэмэ, ди Къэбэрдей АССР-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ IэщIагъэлIхэу адыгэ инженеру 20, адыгэ дохутырхэр зэрыхъур 21-рэ къудейщ, агроному, зоотехникыу, Iэщ дохутыру, механизатору 28-рэ щылажьэу аращ. Осетинхэм къахэкIауэ Осетие Ищхъэрэ АССР-м апхуэдэ IэщIагъэлIхэр хуэдэ 15 - 20-кIэ нэхъыбэу иIэщ. ЩIэныгъэмкIэ доктору, генералу, профессору, композитору адыгэхэм зыри яIэкъым, осетинхэм апхуэдэхэр пщIы бжыгъэкIэ къахэкIащ.

Сыт щхьэусыгъуэр? Сыт адыгэ лъэпкъыр апхуэдизу къыщIыкIэрыхуар бжыгъэкIи, IэщIагъэлI зэмылIэужьыгъуэу зыхуэныкъуэхэмкIи къемыбэкI осетин лъэпкъым?

1. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытымкIэ къуаншагъэм щыщ куэд, дауи, дэ дбгъэдэлъщ. Дэ, республикэм и унафэщIхэм, ди щыуагъэхэр тэмэму зыхэтщIэжу дыщытакъым, дыкъызэрыкIэрыхум и чэзум гу лъыттэн хуэдэу, ирикъун лIыгъи тхэлъакъым, абыкIэ дызэрыкъуаншэмкIэ зыдумысыжу IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынымкIэ дыкъызэрыкIэрыхур къызэднэкIа зэрыхъунум теухуауэ ди жэрдэмхэр КПСС-м и ЦК-м къыщыхэтлъхьэн хуэдэу.

2. ЦIыхубэ хозяйствэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэ здэщыIэ адрей автоном республикэхэм къащхьэщыкIыу, Къэбэрдей АССР-м иIэр зы институт закъуэщ - егъэджакIуэхэр щагъэхьэзырырщ.

Ауэ нэгъуэщI зы щхьэусыгъуи щыIэщ, лъэпкъ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыныр зэтриIыгъэу.

3. А щхьэусыгъуэр - иджыпсту РСФСР-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщIагъэтIысхьэу щыIэ хабзэрщ.

Абыхэм япкъ иткIэ, дэтхэнэ абитуриентри, зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, зэрыщIагъэтIысхьэ экзаменхэм дисциплинэ пыухыкIахэмкIэ пэлъэщын хуейщ, урысыбзэри хэту, къищынэмыщIауэ еджапIэ нэхъыщхьэ куэдым хамэ къэралыбзэхэм языхэзи щат, ди школхэм я нэхъыбэм щамыджу. АтIэ 7-нэ класс хъуху кIэ адыгэбзэкIэ еджа адыгэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ пэлъэщыну урысыбзэмкIэ ирагъэт экзаменхэм икIи урыс школ къэзыухахэм нэхърэ нэхъыфIу урысыбзэр ящIэну? Апхуэдэу къэхъукъым. Куэдрэ къыщыхъу щыIэщ материалыр фIыуэ зыщIэ, ауэ урысыбзэм хуэмышэрыуэм и щIэныгъэр нэсу нэгъуэщI экзаменхэми къыщимыгъэлъэгъуэф. Абы къыхэкIыу адыгэ школхэр къэзыухахэм ящыщу закъуэтIакъуэххэщ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэфыр. Ахэр, зэпеуэхэм хэмыту (КПСС-м и ЦК-м и унафэ щхьэхуэкIэ 1953 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс къэс цIыху 30 - 50) еджапIэ нэхъыщхьэхэм дгъакIуэхэмрэ медалкIэ школхэр къэзыухахэмрэщ. ЗэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр ятын хуейуэ щытамэ, абыхэм ящыщ зыри еджапIэ нэхъыщхьэм щIэмытIысхьэфынкIи хъунт.

УпщIэ къэувынкIи хъунщ: апхуэдэ щIэгъэтIысхьэкIэм адыгэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыныр сыт щIызэтриIыгъэр, адрейхэм, къапщтэмэ, осетинхэм, зэран яхуэмыхъуу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэ здэщыIэ республикэхэм апхуэдэ лъэпощхьэпохэр къыщрадзэркъым. Осетие-Ищхъэрэ АССР-м иIэщ металлургическэ, медицинэ, мэкъумэш, педагогикэ институтхэр. Дагъыстан АССР-ми апхуэдиз дыдэ, Башкир, Тэтэр АССР-хэм еджапIэ нэхъыщхьэу нэхъыбэж щыIэщ. РСФСР-м и адрей автоном республикэхэми еджапIэ нэхъыщхьэу 3 - 4 яIэщ. А республикэхэм я унафэщIхэр хущIэкъуащ икIи хущIокъу я еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыхъукIэ лъэпкъ IэщIагъэлI нэхъыбэ щагъэхьэзырыну. Прибалтикэ, Азие Курыт, Закавказскэ республикэхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм апхуэдэ гугъуехь яIэххэкъым. Я лъэпкъыбзэмкIэ нэхъыбэу щрагъаджэ а республикэхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщIагъэтIысхьэ экзаменхэр зэрыщатыр а щIыпIэм щызекIуэ бзэращ. А вузхэм ди школхэр къэзыухауэ урысыбзэр фIыуэ зыщIэхэр щIагъэтIысхьэркъым. Абы щыгъуэми, СССР-м щIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэхэм ди деж лэжьакIуэ къагъакIуэ зи республикэхэм еджапIэ нэхъыщхьэхэр къыщызыуха, ауэ урысыбзэр зымыщIэ куржы, ермэлы, Азербайджан IэщIагъэлIхэр.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ псом нэхърэ нэхъ гугъу ехьыр Къэбэрдей АССР-м щыпсэухэрщ, Шэрджэсым, Адыгейм, Ищхъэрэ Жыжьэм я лъэпкъхэрщ. Ди гъусэу зи цIэ къитIуахэм зи мыхъуми зыхыхьэ крайхэмрэ областхэмрэ дэIэпыкъуэгъу къахуохъу.

Мы тхыгъэм къыщытIэта Iуэхум и куугъым, лъэпкъ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынымкIэ дапхуэдизкIэ дыкъыкIэрыхуами, абы сытым дыхуишэнуми хэплъэгъуэнущ мы бжыгъэхэм: Къэбэрдей АССР-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ дохутыру щолажьэ:

1. куржыуэ, азербайджану, ермэлыуэ - цIыху 46-рэ
2. осетину - цIыху 26-рэ
3. адыгэу - цIыху 21-рэ.

Дэ, шэч хэмылъу, IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрыддэIэпыкъумкIэ ди гъунэгъухэм фIыщIэ яхудощI, ауэ дощIэ ар къызыхэкIыр IэщIагъэлIхэр къайлеекIыу езыхэм зэрагъэхьэзырыр зэрыарар. Абы къыхэкIыу, урысыбзэр, адыгэбзэм и гугъу умыщIыххи, щIагъуэу зэрамыщIэм щхьэкIэ зи лэжьыгъэм и фIагъыр хэпщIыкIыу нэхъ лъахъшэ хъу я кадрхэр къытхуагъакIуэ нэхърэ, куэдкIэ нэхъыфIт Осетие Ищхъэрэ АССР-мрэ Закавказскэ республикэхэмрэ адыгэ IэщIагъэлIхэр я вузхэм щагъэхьэзырынымкIэ къыддэIэпыкъуатэмэ.

ПщIэ зыхуэтщI Никитэ Сергеевич!

Мы тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуа лъэIур къемызэгъыщэу, худэчыхыныгъэ гуэрхэр тхуэфщIыну дыфщыгугъыу къыфщыхъункIи хъунщ, ауэ IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрыкIэрыхур къызэринэкIын папщIэ Къэбэрдейм и къалэнщ къывэлъэIун хуейуэ:

1. Урысыбзэр тыншу ящIэу адыгэ курыт школхэр къэзыухауэ, зэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр зыхуэтхэр дызыхуэкIуэ илъэситI-щым зэпеуэхэм хэмыту къащтэну РСФСР-м и еджапIэ нэхъыщхьэ псори хуит ящIыну. Мыхъуххэмэ, илъэс къэс, мы гъэм къыщыщIэдзауэ, Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Курытымрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм 250-рэ щIагъэтIысхьэну.

2. Къэбэрдей, нэгъуэщI педагогикэ вузхэр я лъабжьэу университет е политехникэ институт Налшык къалэ къыщызэрагъэпэщыну, апхуэдиз педагогикэ институт Кавказ Ищхъэрэр иджыпсту зэрыхуэмеижыр, ауэ промышленностыр, мэкъумэш хозяйствэмрэ щIэныгъэ IэнатIэмрэ IэщIагъэлIхэм зэрыхуэныкъуэр къэлъытауэ. Педагогикэ еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыуха псоми урыс школ дэнэ къэна, Кавказым и автоном республикэхэмрэ областхэмрэ я лъэпкъ школхэм лэжьапIэ щагъуэтыжкъым, абы къыхэкIыу нэгъуэщI IэнатIэ пэрыувэн хуей мэхъухэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, мылъкушхуэ трагъэкIуадэу ягъэхьэзыра IэщIагъэлIхэр тэмэму къэгъэсэбэпа хъуркъым. Педагогикэ еджапIэ нэхъыщхьи 3-4-м я пIэкIэ политехникэ институт къызэрагъэпэщатэмэ, Къэбэрдей АССР-м и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм и адрей республикэхэр, областхэр, крайхэр хуабжьу зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзырыфынут.

**МЭЛБАХЪУЭ Тиморэ.**
*(Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщI). 5.07.1956 гъэ. Налшык къ.*

# ХЭКУЛІ, ЛЪЭПКЪЫЛІ МЭЛБАХЪУЭ ТИМБОРЭ

## Си фІэщ мэхъу

**Мэлбахъуэ Тимборэ Хэку зауэшхуэм ипсыхьа зауэлІхэм ящыщт. БжьыфІэт икІи Іущт. «ЩІыбагъ» лъэщ имыІами, и къулыкъукІэ щІэх дыдэу зиІэтащ.**

**Республикэм и унафэщІу щытыху ди цІыхухэм я экономикэ, социальнэ гъащІэр иригъэфІэкІуащ, ину зригъэІэтащ щэнхабзэми. Ди щІыналъэр къэралышхуэм и щІыпІэ куэдым къыщацІыхуащ нартыхугъэкІ, Іэщыхъуэ, ухуакІуэ, щІэныгъэлІ, тхакІуэ гъуэзэджэхэр зэрыщыкуэдымкІэ.**

БЫДЭУ си фІэщ мэхъу Мэлбахъуэ Тимборэ и ІэужьыфІхэр ди республикэм исхэм зэи зэращымыгъупщэнур, абы и цІэр ди лъэпкъым и тхыдэм уахътыншэ зэрыщыхъунур.

Иджы согупсысыжри, кууэ зыхызощІэ а лІы телъыджэр цІыхухэр егъэджэн Іуэхухэми теГу зэвыхьу, елІалІэу, егугъ уу зэрыщытар. Нытхуеблэгъат ар зэгуэрым ди еджапІэм. Си пэшым щетІысэхри, щыгъуазэ зыхуищІу щІидзащ ди Іуэхущ1афэхэм. Сэри абы щызбзыщІакъым дызыІууэ гугъуехьхэри сабийхэр, пэщІэдзэ классым щІэсхэр егъэджэным щыдиІэ ехъулІэныгъэхэри. КъызэрыщІэкІамкІэ, ар щыгъуазэ хъуат ди лэжьыгъэм, абы и «щэху» псори ищІэну хуейти, арат къызытекІухьар.

ЕгъэджакІуэхэр къызэхуэсшэсри, щхьэж и лэжьэкІэр къиІуатэу щІидзащ. Япэ щыкІэ Іэнкуну, укІытэу псэлъами, зи гугъу ящІ Іуэхухэм дихьэхыжри, егъэджакІуэхэм нэрылъагъуу белджылы къащІащ я Іуэхущ1афэхэр, къагъэсэбэп Іэмалхэр.

Псом хуэмыдэу Мэлбахъуэм игу ирихьат ди егъэджакІуэ пэрытхэу Гугъуэт Лолрэ Шэру Хьэбасрэ я дерс тыкІэхэр. Ебгъуанэ, епщІанэ классхэм щІэсхэм адыгэбзэр зэрамыджыр щызэхихым, Тимборэ къызэІууащ. Егъэджэныгъэмкіэ министерствэр игъэкъуаншэри, дэри гукъанэ къытхуищІащ мы Іуэхур къызэрыдмыІэтам, партым и обкомым зэрынэ дмыгъэсам къыхэкІыу.

Ди зэфІэкІхэр, гугъуехьхэр, мурадхэр зригъащІэри, мыпхуэдэу къыджиІэгъащ:

- Фи лэжьэкІэр щапхъэфІу къысфІощІ. Абы ІэщІагъэлІхэр арэзы техъуэмэ, сыт и лъэныкъуэкІи дынывдэІэпыкъунщ. Зыщывмыгъэгъупщэ мыри: ди щІалэгъуалэм фІыуэ ищІэн хуейщ и анэдэлъхубзэр, лъэпкъым и тхыдэр, хабзэхэр. Сыфхуэарэзыщ, хьет жевгъэІэ.

Щедгъэжьэжым, абы къыпэплъэу пщІантІэм дэтт ди колхозым и унафэщІ Шэру Хьэбаси, «Нееблагъэ ди дежкІэ» – жиІэри, къелъэІуат, ауэ Тимборэ, зэрыпІащІэр къыдигъащІэщ, «Къысхуэвгъэгъу» жиІэри, и гъуэгуанэ теувэжыгъащ.

Дыкъызэригъэг угъам ху эдэу, къыддэІэпыкъуащ куэдкІэ. Мэлбахъуэм и чэнджэщкІэ ди еджапІэр хьэщІэфІ кІуапІэ хъ уащ. Дэ къытхуеблагъэрт республикэм щыщ егъэджакІуэхэри, Прибалтикэм, Москва, нэгъуэщІ щІыпІэхэми къикІ ІэщІагъэлІхэри.

Сэ мызэ-мытІэу сыІущІащ, сепсэлъащ, Іэнэм сыщыбгъэдэсаи къэхъу ащ Тимборэ. Дапщэщи сфІэгъэщІэгъуэнт а лІы Іущым жиІэхэр, и хьэл-щэныр. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, дэ нобэ дригушхуэ хъунущ апхуэдэ цІыху телъыджэ зэрыдиІам.

**КЪАМБИЙ Мухьэб,** *Къармэхьэблэ дэт курыт еджапІэм и унафэщІу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь.*

Тимборэ и адэ Къубатий. *1911 гъэ*

Тимборэ и анэ Къэралжан, и къуэ рылъху Елбэрд и гъ усэу. *1941 гъэ*

● И блокнотым къитхыжа тхыгъэхэр

## ГъащІэм и хабзэ

ДИ АДЭЖЬ-анэ ж ьхэм лІэщІыгъуэ жыжьэхэм къызэпхырахыурэ ди зэманым къахьэсащ хьэл-щэныфІ Іэджэ. Абыхэм къахэхъукІащ «цІыхугъэ», «нэмыс», «хабзэ» жыхуэтІэхэр. Ауэ дыхуэсакъыурэ датепсэлъыхьыпхъэщ ди лъэпкъ щэнхабзэм и щІэин язынукъуэхэм. Абыхэм ящыщщ «благъагъэр», мыхъумыщІагъэ куэдым уэчыл яхуэхъур, щІэпхъаджащІэ дыдэхэми къащхьэщыжыныр къезыгъэкІур. А хабзэжьым куэдыр димылъэхъатэмэ, ди гъащІэм куэдкІэ нэхъ мащІэ щыхъунт къэхъукъащІэ мыщІагъуэхэр.

***

ЦІЫХУМ и пщІэр зыІэтыр и щхьэм хуищІэжыф е нэгъуэщІхэм къыхуащІэ Іуэхутхьэбзэхэракъым, атІэ езым нэгъуэщІхэм папщІэ зэфІигъэкІыфырщ.

***

ТЫНШУ псэур жэуаплыныгъэ зыхэмылъырщ, зи къулыкъур, къалэнхэр джэгуурэ, пкІауэм ещхьу, къафэ-къэуджурэ езыхьэкІырщ. Апхуэдэм гува-щІэхами щІымахуэр къыкІэщІозэрыхь, чэфыр пкъроклыж, пщІэуэ къыхуащІыр, дзыхьу кърагъэзыр, къулыкъуу кърапэсыр мэбзэхри, тыншыгъуэр зыфІэфІу щытар зыми щымыщыжу къонэ.

***

КУЭДЫМ нэхъ мыхьэнэ зиІэу ябжыр жаІаракъым, жызыІарщ. Іущыгъэ ин зыхэлъ псалъэр зыми фІэмыгъэщІэгъуэну мэкІуэд, ар къызыжьэдэкІыр цІыху цІыкІумэ. Ауэ псалъэ мыхьэнэншэр, къулыкъушхуэм пэрыт цІыхум игъэІуамэ, купщІафІэ дыдэу къалъытэ.

***

КЪЭУХЬЫШХУЭ зимыІэ цІыхум Іущагъыр къыщилъыхъуэн хуейщ акъылыфІэхэм я деж. Апхуэдэу пщІэныр губзыгъагъэщ. Чэнджэщэн зи жагъуэм делагъэр тепщэ х уохъу. Нэхъ Іущыгъэшх уэр зыщыбгъуэтынур акъылыфІэхэм я дерсхэр губзыгъэу зэзыхьэлІэфхэм я дежщ.

***

Ц ІЫХУБЭМ лъагэу уиІэтынымрэ гущІэгъуншэ дыдэу укъридзыхыжынымрэ я зэхуакум дэлъыр зы напІэзыпІэщ. Арэщ, къуэш, гъащІэм и хабзэр.

***

ЩЭДЖАЩАГЪЭР щІыуэпсым и тыгъэ лъапІэщ. Ар ещхьщ уафэхъуэпскІым, уи нэхэр игъэджылу пщІыпщІрэ напІэзыпІэм бзэхыжым.

Зэчийр - лэжьыгъэ гугъущ, щІэныгъэ куущ, Іуэхугъуэ Іэджэ къызэщІэзыубыдэ Іущыгъэщ.

Тхыдэм лъэ ужьыфІ къыхэзынэфыр зи щэджащагъэмрэ зэчиймрэ быдэу зэпызыщІэфырщ.

***

ДЭ КУЭДРЭ жыдоІэ: цІыху щхьэхуэхэракъым, цІыхубэм и сэбэп зыхэлъращ лэжьыпхъэр. ЦІыхубэр - тенджызщ, цІыху щхьэхуэр - псыхьэлыгъуэ цІыкІущ. Ауэ тенджызри псыхьэлыгъуэ цІыкІу Іэджэурэ зэхолъадэ. Апхуэдэу щыщыткІэ, дэтхэнэ псы цІыкІури къабзэ зэрытщІыным дегугъупхъэщ. ИтІанэщ тенджызри къабзэ щыхъунур. А гупсысэр зыхэлъ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ Іэ джэ мэхъу.

***

ПСАЛЪЭ куэдыщэкІэ ІупщІу пху эгъэбелджылынукъым уи гупсысэр. Ар нэхъ зэрыпхузэфІэкІынур псалъэ е жыІэгъуэ закъуэкІэщ. Ар къызыгурымыІуэу куэдыщэ жызыІэр ещхьщ пщафІэм, игъэхьэзыр ерыскъыр нэхъ ІэфІ ищІын и гугъэу, шыгъу, шыбжий хуэдэхэр мардэншэу иупщэфІым хэзыкІутэм.

***

ТЫНШКЪЫМ упсэуну. Хьэлъэщ ажалыр. Нэхъеижщ дунейм (е лэжьыгъэ ІэнатІэм) куэдыІуэрэ зыщыпІэжьэныр. Ауэ хэт зыщІэр «куэдщ» щыжыІэпхъэр? КъищІауэ щытми, игъуэу ІукІыныр зыхузэфІэкІыр?

***

УНАФЭЩІЫМ и дежкІэ нэхъ лэжьыгъэ гурыхьыр - цІыхухэм тыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ яхуэупсэнырщ. Нэхъ гугъур - тезыр ятеплъхьэнырщ. Ауэ дэнэ щыІэ фІыр е Іейр нэхъ зыхуэфащэ дыдэхэр къэзыгъэлъэгъуэфыну тэрэзэр?

***

УНАФЭЩІ куэдым ягугъэщ я къулыкъукІэ зэрызаІэтым ещхьыркъабзэу я пщІэмрэ я зэфІэкІхэмрэ хэхъуэу. ГъащІэм дегъэлъагъу апхуэдэ Іуэху еплъыкІэр зэрымытэмэмыр. Къимылэжьа, хуэмыфащэ къулыкъу лъагэм пэрыт цІыхум псынщІэ дыдэу зыкъыфІощІыж, и щхьэр мэуназэ, делагъэ Іэджэ илэжьу щІедзэ.

***

ЦІЫХУМ егъэдахэ лэжьыгъэр, лэжьыгъэми - цІыхур. Ауэ къыщыхъуи щыІэщ цІыхум лэжьыгъэр, лэжьыгъэми цІыхур зэІигъыхьэу.

***

ДЭ ДИІЭЩ мэлылкІэ зи хьэщІэхэр зыгъэтхъэныр зи къалэну зыбжыж унафэщІхэр. Абыхэм къафІощІ я махуэр апхуэдэурэ ягъакІуэми, лэжьыгъэр къэІэтыным хэ лъхьэныгъэфІ хуащІу.

***

ДИПЛОМЫФІ зэбгъэгъуэтми, ІэщІагъэлІ мыхьэнэншэу укъэнэнкІи хъунущ. Къулыкъушхуэ упэрагъэувэми, цІыху жыгъейуэ укъалъытэнри бетэмалщ. Ауэ къулыкъу мыинри ІуэхуфІкІэ пхуэгъэнщІмэ, цІыхухэм фІыуэ укъалъэгъунущ.

***

ЦІЫХУМ хуэфащэр лъысыжыпхъэщ (и къулыкъукІэ). Апхуэдэу щыхъум деж, и зэфІэкІми хохъуэ, и лэжьыгъэри тэрэзу йокІуэкІ. Арыншамэ, зэрымыщІэкІэ къулыкъур къылъагъэсамэ, ар зыІэта толъкъуныр йоупІэхыжри, яІэтари лъагапІэм къоцІэфтэхыж.

***

УНАФЭЩІЫМ и къалэныр псы Іуфэм Іуту псыр зыдэжэм кІэлъыплъынракъым; псым и жапІэр унафэкІэ пхуегъэхъуэжынукъым. Ещхьыркъабзэу, нартыхур къызэрыкІыр пхущІэгъэхуэбжьэнукъым. УнафэщІым и къалэныр и чэзум ищІэн хуейхэр иубзых уу, а къалэнхэм я «Іуданэхэр» зэхимыгъэзэрыхьу, ерыщу икІи бэшэчу и мурадхэр зригъэхъулІэнырщ.

***

ДИ АДЭ-АНЭ ХЭМ дащытхъуми, абыхэм нэхърэ нэхъыфІ дыхъун хуейщ щІэблэр. Мыгувэу дунейм ехыжынущ зэман гугъум республикэм и Іэтащхьэу щытахэр. Абыхэм я гъащІэр яухыпхъэщ цІыхухэр къахуэарэзыуэ, я къалэнхэр нэсу зэрагъэзэщІэфар я гурыфІыгъу эу.

***

КЪЫТХУЕБЛАГЪЭХЭМ е тхьэщІагъэр зыхуэкІуэжыр фІыуэ дгъэшхэнымрэ зедгъэгъэпсэхунымрэщ. Ар мащІэІуэкъэ? ЛэжьэкІэ пэрытыр зригъэщІэну къэкІуам зыхуейр хуэщІэ, щІэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну хущІэкъур умыгъэщІэхъу, дахагъэ нэсыр зылъагъуну зи нэ къикІхэми я гукъыдэжым зегъэІэт. Сыт дэ тщІэр? Ди хьэщІэхэм я ныбэхэр докъу фадэрэ шашлыккІэ. Абы адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ди нэмысыр иІэтыркъым.

***

ХЪУГЪУЭФІЫГЪУЭХЭМ я уасэм зыри тумыщІыхь: дыщэр пуд дыдэ щыхъуи щыІэщ. Хъугъуэфіыгъуэ нэхъыщхьэр, зэи пуд мыхъур зэныбжьэгъугъэрщ, нэмысырщ, лъагъуныгъэрщ.

1932 ГЪЭРАУЭ къысфІощІыж, си анэм и щІыІубгырыпхыр, си адэм и дыжьын мывопцІэхэр зыкІэрыщІа бгырыпхыр къасщтэщ, Налшык бэзэрым къэсхьщ, сщэри, хьэжыгъэ хужьу зы пут, фошыгъуу килограммитІ, нэгъуэщІ гуэрхэри къэсщэхугъащ.

***

КЪЭХ УТАКІУЭХ ЭР куэд хъуащ. ЯщІэнур ящІэркъыми, къахутэ Къущхьэм е Мэлбахъуэм я адэжьхэр зэрыпсэуар, ахэр зыІэщІэкІуэдар хужьхэрами плъыжьхэрами, зэрагъэкІу эда щІыкІэхэр. Дэ къэтхутэр, къэтлъыхъуэр нэгъуэщІщ - цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэрщ.

***

СЭ СЫЗЫХ УЩІЭКЪУР адыгэм е балъкъэрым зы сом къызэрезгъэлэжьынуркъым, псэупІэу иІэм зы метр зэбгъузэнатІэ зэрыхухэзгъэхъуэныркъым, атІэ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэгуэрым яІа пщІэр зы процент пщІанэкІэ нэхъ мыхъуми нэхъыбэ зэрыхъунырщ. Аращ си гъащІэ псом и купщІэу къэслъытэр.

***

ЦІЫХУХЭМ фІыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыхуагуэшым сэ чэзум и кІэ дыдэм сыпытагъэнущ, къыслъысыжышхуаи щыІэкъым. Ардыдэр жаІэу къыщІэкІынщ нэгъуэщІхэми. Ауэ псори арэзы дытехъуэн хуейщ щхьэж хуэфащэр къызэрытлъысам. А зэманым нэфІ-ней зезыхьэ, зи Іыхьлыхэм къащхьэщыж щыІакъым. Алыхьри апхуэдэ Іуэхухэм хэтакъым. Абы къыпхуимыгъэфэщар зыми къуитыфынукъым.

***

СЭ СИІЭЩ ныбжьэгъу «пэжу» зыбжанэ. Абыхэм ящыщ зым сыкъилъагъу хъуркъым, сы-япэ секретарщи. Адрейри къысхузэгуоп, япэ секретару щытыр езыр зэрыармырам къыхэкІыу. Си къулыкъур мыхъуамэ, абыхэм цІыху хьарзынэу сабжынут.

***

СЭ ЗЭИ къысхуэщхьэпакъым унафэщІышхуэхэр сызэрыныбжьэгъур. Сыхуеямэ, къысхуэгъэсэбэпынут. Ау э апхуэдэ Іэмалхэм зи фейдэ къыхэзыгъэкІыр цІыху щІагъуэкъым. Нэхъыфlыр къеlыпхыныркъым, ептынырщ.

***

ЯЗЫНЫКЪУЭХЭМ къафІощІ сэ лэжьыгъэм фІэкІа зыми семыг упсысу, тыншу сыпсэууэ, куэд сшхыуэ, щІэзмыгъачэу пивэ сефэу. А псори пэжкъым. Сэ сызэрыпсэур ещхьыркъабзэщ къызэрыгуэкІ цІыху цІыкІу м, улахуэ курыт зиІэм и гъащІэм.

***

ДЭТХЭНЭ зыри и Іуэхухэмкіэ жэуаптакІуэу щытын хуейщ. Сэ слъагъур нэгъуэщІщ. Сыхуейт къехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу къызжефІэну: фымылэжьэфу ара, хьэмэрэ нэгъуэщІ унафэщІ къэфлъыхъуэрэ?

***

АБЫ (си анэм) и гугъэщ зэІущІэхэм щІэх-щІэхыурэ щыжысІэхэр зыгуэрым сху итхыу, сыкъеджэн фІэкІа хэмылъу, тхыгъэ хьэзыру къысІэщІалъхьэу. Хьэуэ, ар пэжкъым. Нобэ дакъикъэ плІыщІкІэ къэспсэлъар дыгъуасэ зэзгъэпэщащ сыхьэт зыбжанэкІэ. КъыупсэлъэнэІр къызыхэкІыр зэчийркъым, лэжыгъэ гугъурщ.

***

ТХЫЛЪЫМПІЭХЭМ Іэ щыщІэздзкІэ, си ІэпхъуамбэхэрмэкІэзыз. Согузавэ: «Ди коллективым и пщІэр къэзыгъэлъэхъшэн Іуэху сымылэжьу пІэрэ?» - жысІэурэ. СогъэщІагъуэ - тхылъымпІэ къыхуахьам къемыджэхэуэ Іэ щІэзыдз унафэщІхэри щыІэщ.

## Языныкъуэхэм къафІощІ

**ЭФЕНДИЕВ Сэлихь,** *КъБКъУ-м и профессор.*

## Зихуэдэ щымыІэ

**Илъэс тІощІрэ тхум нэблагъэкІэ сылэжьащ Мэлбахъуэ Тимборэ и унафэм сыщІэту. А зэманыр къысщохъуж псынщІэ дыдэу блэлъэтауэ, си гъащІэм и ІэфІыпІэуи щытауэ.**

ИЛЪЭСИТІ хуэдизкІэ партым и Налшык къалэ комитетым сыщылэжьауэ, обкомым и етІуанэ секретарь Хубаев Г.А. среджэри, къызжиІэшхуэ щымыІэу, Мэлбахъуэр зыщылажьэ пэшым сыщІешэ. ТкІийуэ къысІуплъащ Тимборэ, си гъащІэм теухуа тхылъымпІэ напэхэр къызэридзэкІри, макъ щабэ дыдэкІэ жиІащ: «Обкомым ущылэжьэну, дауи, ущІалэІуэщ. Ауэ ягъэ кІынкъым. Дызэрыпхуейм хуэдэ умыхъумэ, ущІэтхужынщ псынщІэ дыдэу».

Илъэсих докІри, обкомым и секретарь Мельник Андрей щІэрыщІэу сыщІешэ Мэлбахъуэр зыщылажьэ пэшым, обкомым ухуэныгъэмкІэ и къудамэр къысІэщІилъхьэну и мураду. Тимборэ, нэхъапэми хуэдэу, къыспкъроплъыхь, щабэ дыдэу къызоупщІ: «Дауэ къыпщыхъурэ уздэдгъэкІуэну дызыхэт ІэнатІэр?» Іэнкун сыкъэхъуауэ, жызоІэ: «СщІэркъым сыгуфІэнуми сышынэнуми». Обкомым и Іэтащхьэр къыпогуфІыкІ: «ГуфІэ икІи шынэ. Гугъущ къыппэщыт къалэнхэр».

Пэжт Мэлбахъуэм къызжиІар. Обкомым и унафэ хэлъыт республикэм ухуэныгъэу щекІуэкІ псоми. Ухуэныгъэхэм я «титульнэ список» жыхуаІэр зэхэлъхьэн къудейм къаруушхуэ текІуадэрт. Мэлбахъуэм фІыуэ ицІыхурт республикэм ит дэтхэнэ жылагъуэри, еджапІэ, ІуэхущІапІэ унэщІэхэр зыдэгъэувыпхъэ щІыпІэхэр убзыхуным куэдрэ егупсысырт, а унэхэр нэхъыфІ хъуным хущІэкъуу, зэхъуэкІыныгъэ Іэджэ проектхэм хилъхьэрт.

Къуажэ къэс дэтын хуейт еджапІэ, сабий сад, ЩэнхабзэмкІэ унэ. А Іуэхум емыгугъухэм тезыр ятрилъхьэрт, къыхэжанык Іхэм сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъурт. Къуажэхэм ухуэныгъэ щхьэпэхэр куэду щезыгъэкІуэкІ Ахъмэт Мусэбий, Аруан районым и Іэтащхьэу щытам, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр къыфІригъэщыгъащ.

А зэманым Мэлбахъуэм гулъытэшхуэ хуищІырт экологие Іуэхухэми. Сэ сыщыгъуазэкъым «Искож» комбинатымрэ Гидрометаллург заводымрэ къалэ кІуэцІым хиубыдэу ящІыныр къызыхэкІам, ауэ щыхьэт сытохъуэ нэгъуэщІ ухуэныгъэшхуэхэр («Телемеханика», полупроводник, электроваккум заводхэр, «Налшык», «Тыркумэн» зыгъэпсэхупІэхэр, уеблэмэ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм хуагъэува фэеплъхэр) щрагъэкІуэкІым Мэлбахъуэр абыхэм я экологие шынагъуэншагъэм гурэ псэкІэ зэрегугъуам, ІэщІагъэлІхэм чэнджэщыфІ куэд зэраритам, жэрдэмыфІ зыкъоми къызэрыхилъхьам.

Тимборэ и фІыгъэ хэлъщ Налшык псэупІэ унэ куэд зэрыщаухуам, мы къалэми Къубэ-Тэбэ, Бахъсэн Ипщэ жылагъуэхэми хьэблэщІэхэр къызэрыщыхъуам. Бжыгъэхэм я бзэкІэ жысІэнщи, Мэлбахъуэр и ІэнатІэм щыпэрыта зэманым зы илъэсым хуэзэу ятырт фэтэру метр зэбгъузэнатІэ мин щищым щІигъу. ІэкІуэлъакІуэу къагъэсэбэпырт панель блынхэр. ЗэдэІэпыкъуу, зэхьэзэхуэу зэдэлажьэрт Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн-Ингуш, Осетие Ищхъэрэ унэухуэ комбинатхэр.

Мэлбахъуэм къыдэхъурт сыт хуэдэ ІуэхуфІри. УнафэщІышхуэр, лІы гумызагъэр щыплъагъунут гъавэгъэкІхэм я дежи, Іэщ фермэхэми, предприятэ зэмылІэужьыгъуэхэми.

Сочи зызгъэпсэхуу сыщыІэу, радиокІэ къату зэхэсхащ Мэлбахъуэ Тимборэ и къулыкъум зэрытрагъэкІар. ИкъукІэ гущІыхьэ сщыхъуат а хъыбарыр. И пІэм кърагъэувари хэтыт? Хакассием зи кІэныр къыщимыкІа, ди республикэм и тхыдэм, и лъэпкъ хабзэхэм зыкІи щымыгъуазэт.

Си гум ихужыркъым 1999 гъэм и бжьыхьэ махуэ уэтІыпсытІыр, Мэлбахъуэ Тимборэ щыщІэтлъхьэгъар. Абы и кхъаблэм кІэлъыкІуэтат щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа гупышхуэхэр, къулыкъущІэхэр, ІэщІагъэлІхэр, рабочэхэр, мэкъумэшыщІэхэр…

Ар зихуэдэ щымыІэ цІыхут. Шэч хэмылъу, и фэеплъри уахътыншэщ.

**КАРНЫШ Александр,** *КъБР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и къуэдзэу щыта.*

● Мыхэри къаІуэтэж

## «Уэ куэд дыдэ уолэжь, ауэ...»

НАЛШЫК аэропорт щыІэтэкъым нэхъапэхэми, хамэ къэралхэм я лІыкІуэ хьэщІэшхуэхэр Минвод и деж кхъухьлъатэм къыщикІырт, Къэбэрдей-Балъкъэрым къакІуэрти, итІанэ Осетие ИщхъэрэмкІэ ягъазэрт. Зи чэзу хьэщІэ гупыр ди республикэм щыІауэ, Осетие ИщхъэрэмкІэ кІуэным и пэкІэ, Мэлбахъуэр зыщылажьэ пэшым щызэхэст. Зыкъомрэ зэпсэлъа нэужь, Тимборэ и хьэщІэхэм мыпхуэдэ чэнджэщ яритащ: «Осетие Ищхъэрэм къыщыважаІэнкІи хъунущ я нартыхур нэхъ лъагэу, я Іэщыр нэхъ бэу, я хъыджэбзхэр нэхъ дахэу, я къамэхэр нэхъ жану. А псори фи фІэщ фщІы. Ауэ Іуащхьэмахуэ нэхърэ Казбек нэхъ лъагэу фи фІэщ ящІыну хуежьэмэ - ар яхуэвмыдэ».

ХьэщІэхэм, Осетие Ищхъэрэм зэрынэсу, Мэлбахъуэм и гушыІэр Кабалоев Билар хуаІуэтащ. Ар и ныбжьэгъум и деж телефонкІэ къэпсэлъащ, мыпхуэдэу жиІэри: «Сыт Іуащхьэмахуэ нэхъ лъагэу хьэщІэхэм щІажепІар? Абы теухуауэ нэгъуэщІ Іуэху еплъыкІэ зиІэхэри щыІэщ...»

Мэлбахъуэм абы мыпхуэдэ жэуап иритыжащ: «Билар, а бгитІри я лъагагъкІэ зэхуэдэу щытами, Іуащхьэмахуэ нэхъ лъагэ хъунут, абы и щыгум сэ сытетмэ, уэ Казбек и щыгум утетмэ (Кабалоевыр зы тІэкІукІэ нэхъ лъахъшэт Мэлбахъуэм нэхърэ)».

***

ПАРТЫМ и обкомым унафэщІ гуэрыр «щыхакъухьырт» и щхьэгъусэм зэремызэгъым, бзылъхугъэхэм [illegible] кІыу. Унафэ ящІащ а лІыр и къулыкъум трагъэкІыну. ЕтІуанэ махуэм Арщыдан мэкъумэшыщІэхэм я зэхуэс щекІуэкІыу, къулыкъузехьэ Іужажэ гуэрым Мэлбахъуэм зыкъыхуигъазэри, мыпхуэдэу къыжриІащ: «Тэмэму пщІащ дыгъуасэ а унафэщІыр и къулыкъум зэрытепхуар. Сэ илъэс щэщІым щІигъуауэ си щхьэгъусэм сыдопсэури, зэи си гущхьэм къэкІакъым абы сепцІыжыну...»

Мэлбахъуэм и нэгъуджэр зыІуихри, гупсэхуу къызэпиплъыхьащ къепсалъэр, итІанэ мыарэзыуэ и щхьэр ищІащ: «Сэ уэри узгъэзахуэркъым...»

***

ТЫРНЫАУЗ къэкІуат КПСС-м и ЦК-м къикІа хьэщІэхэр. Мэлбахъуэри я гъусэу, абыхэм къызэхакІухьащ къалэр, зрагъэлъэгъуащ Іуащхьэмахуэ лъапэ. ИтІанэ, Іэнэ хъарзынэхэр къаухуэри, хьэщІэхэр ягъэтхъэжу щІадзащ.

ТІэкІу докІри, партым и къалэ комитетым и лІыкІуэр къотэдж, шхыдэуи ирегъажьэ: «Уэ, Тимборэ Къубатий и къуэ, зыми гукъанэ къыпхуимыщІу уесащ. Сэ ар здэнукъым. Сэ уэ критикэ узмыщІу схуэшэчынукъым». «Хъарзынэщ, – жеІэ Тимборэ, - критикэ [illegible] наІуэ». Псори зэщІэщымащ, бадзэ мыдыму. Къулыкъузехьэм и макъым зрегъэтхъунщІри, псалъэу щІедзэ:

- Уэ Тимборэ Къубатий и къуэ, куэд дыдэ уолэжь, ауэ ерыскъыуэ пшхыр мащІэ дыдэщ...

Зауэм и ветеранхэр. *1985 гъэ.*

**Дэтхэнэ лъэпкъми и гъащІэм къыхохьэ зи Іэужьыр лІэщІыгъуэкІэрэ тхыдэм къыхэнэ щэджащэхэр. Ди республикэр къапщтэмэ, апхуэдэ цІыхут Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэр. Ар адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм я къуэ пэжт. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и етІуанэ Іыхьэм Мэлбахъуэм ди лъахэм щызэфІиха лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІащ политикэ, экономикэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкІэ цІыхубэм ехъулІэныгъэфІхэр зыІэрагъэхьэнымкІэ. Зэчий лъагэ зыбгъэдэлъа унафэщІ щыпкъэм и зэфІэкІ гъунапкъэншэхэм щыгъуазэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я закъуэтэкъым. Ар цІэрыІуэ щыхъуат Кавказ Ищхъэрэми Совет Союзым и нэгъуэщІ щІыналъэхэми.**

## Зэчий телъыджэ

МЭЛБАХЪУЭР лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ хьэлэмэтт. А ІэкІуэлъакІуагъэр унэтІакІуэ Тимборэ къыдалъхуа хьэл-щэнхэм ящыщт. ЦІыхубэ хозяйствэм и унэтІыныгъэ псоми зэхуэдэу фІы дыдэу хищІыкІырт абы, ар промышленность е мэкъумэш ІэнатІэ ирехъу, ухуэныгъэу е егъэджэныгъэу щрет, щІэныгъэу е щэнхабзэу къыщІрекІ. УнафэщІым бгъэдэлъ зэчиишхуэм гу лъыптэнут, зэ нэ хъ мыхъуми абы и къэпсэлъэныгъэ уедэІуамэ. ЗэІущІэ щекІуэкІхэм деж псоми дгъэщІагъуэрт абы и акъылыфІагъыр, гъунапкъэ зимыІэ и гупсысэ шэщІар, и псэлъэкІэ зэпэщыр, зыІыгъыкІэ екІур. Дэ хьэкъыу тпхыкІауэ псоми ди фІэщ хъурт Мэлбахъуэр щІэныгъэ куу, щэнхабзэ лъагэ зыбгъэдэлъ жылагъуэ-политикэ лэжьакІуэ ахъырзэману зэрыщытыр. Зэманым къызэригъэлъэгъуамкІэ, дыщыуатэкъым. Апхуэдэ хьэлхэм къадэкІуэу абы цІыхугъэшхуэ хэлът, зэхэщІыкІ иІэт. Хэку зауэшхуэм и гугъуехь псори зыгъэва Тимборэ ветеранхэм пщІэшхуэ яхуищІырт, я гурыгъу-гурыщІэхэр зыхищІэрт. УщепсалъэкІэ, абы узыІэпишэрт, малъхъэдисым хуэдэу.

Унэм абы щиІэт библиотекэ къулей. Абы щыбгъуэтынут сыт хуэдэ унэтІыныгъэми теухуа литературэ хьэлэмэт, щІэнгъуазэ телъыджэхэха иритыжыфырт, къызэщІэзыкъуэж гупсысэхэри, Іуэхур егъэфІэкІуа зэрыхъуну Іэмалхэри щІыгъужу. Апхуэдизу къудамабэ зэчий зыбгъэдэлъ цІыху сыт хуэдэ зэманми гъуэтыгъуейщ. Мэлбахъуэр апхуэдэт.

КъулыкъущІэхэр гъэувынми жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу бгъэдыхьэрт Мэлбахъуэр. Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм яку зэгурыІуэныгъэрэ ныбжьэгъугъэрэ дэлъыным хуэгъэпсат абы и лэжьыгъэ псори. Мэлбахъуэм пщІэ хуищІырт дэтхэнэ лэжьакІуэшхуэми, ар къызыхэкІа хэр. Тхылъ еджэныр фІыуэ зылъагъу Тимборэ езыри щІэнгъуазэ пэлъытэт. Абы и акъылым щызэхэухуэна хуэдэт творческэ, щІэныгъэ зэфІэкІ лъагэхэр. И гупсысэкІэ ар философ бэлыхьт, аналитик лъэщт. Зытепсэлъыхь Іуэхугъуэм елъытауэ, абы къедаІуэхэм я пащхьэ сыт щыгъуи щигъэувыфырт упщІэ хэхахэр, абыхэм ящыщ дэтхэнэми жэуап зэлъэпкъ е бгъэдэлъ мылъку емылъытауэ. Абы и тетыгъуэм утыку къихьауэ щытащ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ мэкъумэш лэжьакІуэхэр. Апхуэдэхэт Ахъмэт Мусэбий, Ерчокъуэ Къамбол эт, Евтушенкэ Николай, Бгъэжьнокъуэ Хьэчим, Мовсисян Черкес, Мусукаевэ Шамса, Тхьэкъуахъуэ Башир, Бакъ Нарзан, Іэбубэчыр Нажмудин, Хьэжмэт Хьэсэн сымэ, нэгъуэщІхэри. Аращ сэ Тимборэ адыгэхэми, балъкъэрхэми, республикэм щыпсэу адрей лъэпкъхэми я къуэ пэжу къыщІэслъытэр.

Къэрал унафэщІым унагъуэ дахэ иІэт. Абы гъэсэныгъэфІ яритащ и бынхэу Елбэрд, Ольгэ, Татьянэ сымэ.

ЦІыхум хэлъын хуей хьэл-щэныфІхэр щызэхуэхьэсат абы и деж. Ди республикэм щыпсэухэр мэгушхуэ апхуэдэ щэджащэ ди лъахэм къызэрикІам папщІэ. СызэригугъэмкІэ, абы и фэеплъ сын щыбгъэув хъунут КъБР-м и Правительствэм пэгъунэгъуу. Апхуэдэ пщІэшхуэ къелэжь Мэлбахъуэм - цІыхубэм я щапхъэм, я унэтІакІуэм.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис

## ●Тыркум кратхыкі

## Анэдэлъхубзэр зрагъащІэ

ТЫРКУМ щыпсэу адыгэхэм я анэдэлъхубзэр ящІэу, я бэзкІэ тхэфу, еджэфу щытыпапщІэ, Аикара щыІэ Адыгэ хасэм лжьыгІэ щхьхэуэхэр иргъэкІуэкІ. Апхуэдэу иджыблагъэ абы щыпсэхугъэ ящІэ рей кІыапхэм щыІэ Адыгэ хасэхэм анэдэлъхубзэр щезыгъэджэхэм я эЗУщІэ.

Абы щытепсэлъыхьащ нобэр кІыздсэм я лжьыгъэр зэрекІуэкІам, адэкІэ я мурадхэри яубзыхуащ. Нэхъыбэм кІыхагъэщащ нэгъабэ Тыркум щыІа, Гуманитар кІохутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым и лжьакІуэ Табыщ Мурат зэрыригъэджам тету я лжьыгъэр зэрыубзыхур. Апхуэдэу и гугъу ящІащ зи анэдэлъхубзэм щыр хэзыщІыкІыхэхэм тхэкІэ, еджэкІэ ебгъащІэныр Іуэху тыншу зэрыщымытыр, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ахэр зэрыгъуэзэн тхыльхэр яІэкъым. Хэкум кІынкІ тхыльхэри гугъуу зэхэзгъэуваци, бзэ зымыщІэхэм зыкІи яхэущхьэпхьэкІ. ЕгъэджакІуэхэм, зрихьэлІэ гугъуехьэхэр кІызэнкІа хъун папщІэ, щхьэж и Іуэху еплъыкІэхэр утыку кІрихащ, я лжьыгъэ и пІалъэкІэ зэхъуэжащ. Апхуэдэу ахэр я лжьыгъэм ехьулІэныгъэщІэн щхьэкІэ, хэхэс адыгэхэм я бзэр нэхъ тыншу зэрызрагъэщІэн программэ щхьэхуэ, текІуэдэну эманми кІаруми щымыхсэ, хэкум исхэм эхагъэувэн хуейуэ кІалъытэ.

Сыт хуэдиз гугъуехь пыщІами, зэтеубла хъуа Іуэху дахэр кІыхэпамыуду я лжьыгъэр зэрыхьукІэ ирагъэкІуэкІыну эгъуфІуэри зэбгрыкІыжащ. Дуней псом щыгъэбгрыдза адыгэхэм я щІэблэм анэдэлъхубзэр ящІэу къэхъунымкІэ жэуапІыну къэхъунымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым и лжьакІуэ Табыщ Мурат зэрыригъэджам тету я лжьыгъэр зэрыубзыхур. Апхуэдэу я гугъу ящІащ зи анэдэлъхубзэм щыр хэзыщІыкІыхэхэм тхэкІэ, еджэкІэ ебгъащІэныр Іуэху тыншу зэрыщымытыр, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ахэр зэрыгъуэзэн тхыльхэр яІэкъым. Хэкум кІынкІ тхыльхэри

**ЩОКЪУЛІ Нэхъыр.**

*Тырку Республикэ, Къайсэр куей, Индырей къуажэ.*

## ● Къуажэхъэр

## Жэщ уэздыгъэ, губгъуэгъэдахэ

**♦ Ди джэд хужь цыкІу псы йофэ.**
**♦ Ди унэ бжэІупэ хьэ къарэ цыкІу Іусщ, икІи мыдзакъэ, икІи мыпсалъэ, унэми ущІимыгъэхьэ.**
**♦ Жэщ уэздыгъэ, губгъуэгъадэхэ.**
**♦ ЗэкъуэшитІ гъуэгу напщІитІым щопсэури, зэи зэрыпІалъэкъым.**
**♦ Зи щхьэр матэ, зи кІэр топ.**

*Жэуапхэр:* Хуэрал. Іуэрдебзэ. Мазэ. Нэ. Ахмарэ.

## ● Си хъуреягъкІэ

### Гу къабзэ

Зым жиІэнщ зыгуэри, гущІыхьэ пщыхьэщ, къыптехуэнщ шэуэ. А псалъэ дыдэр нэгъуэщІым къыбжиІэнщи, жьыжьэуи уи жагъуэ пщынкъым.

Сыт ар къызыхэкІыр?

ЖьызыІэращ псори зэпльытар: Іуэхур езы псалъэракъым, атІэ ар къызыбгъэдэкІ гум и къабзагъэр.

### Къэувыі Іэмэ, джэлэнущ

Зи, къыщІикІуэтэн мы дунеишхэум темыту къыпфІэщІынут Нажмудин. И псалъи и Іуэхуи Іэтат: е хьэжьат. Дэни нэсу, сытми гу льитэу жІэдэмщІакІуэ унэгІакІуэшхуэр.

Апхуэдэу уей-уей жриГъэІэу здекІуэкІым, лэжьапІэ ІэнатІэр къигъэнэн хуей мэхъу... ліот, к уэдрэт, уи ныбжь нэсамэ.

ЗырыгІысыжу а лІым ужьхэпху щІедэ, макІуэ и нурыр, аУэрэ, сымаджэ мэхъури, пІэм хогъуэльхъэжьипэ.

- Тхьэмыщкіэр лэ жьаПІэм къыІэмыгъэкІамэ, зыри къыщыщІыпнутэжьым, батэр игъэшу Іутынут иджыри, сымаджэм хъунутэкъым, - жаІэрт цІых ум я фІэщу.

Ар икІи пэжу къыщІэкІынут: лажьэу ехэр лъакъуэрыгъажьэм тесу кІуэм хуэдэщ – къэувыІэмэ, джэлэнущ!

### Пі алъэ

ХьэщІапІэ дыкІуамэ, дыщІабэщ, дыгуапэщ, дынэмысыбфІэщ: жьыдмыІэм жытІэркъым, дымыщІэн тщІэркъым, зэпымыууэ дызыкІэльоплъыж, дызыюсакъыж. Ди хьэлкІи ди Іуэхуки мыхъумыщІагъэ лъэпкъ къызэрыдамылъагъунымрэ дыхущІокъу. Дыоуеящи ди ли ди лъапи къабзэу дыщытынкъ фэфІ зредгъэпльынкъ фІыкІэ яГу дыкъинжьыну.

Сыт апхуэдэу дыщІыщытыр?

ИГъащІэкІэ дыщІэнукъым, нобэ дыкъэкІуамэ, пщэдей дыкІуэжынущ, жьдоІэри аращ. Араща, пІалъэкІэ дызэрыщІэр дощІэжри.

ПІалъэкІэкъэ-тІэ мы дунейм дызэрытетыр? ПІалъэкІэ дыкъытехьауэ, дытекІыжыну аракъэ? НтІэ, сыт ар щІытщІегъупщэр, фІы фІэкІа Іей къызэрыддамылъагъунымрэ дыщІыхущІэмыкъыр, дымыщІэн щІэтщІэр, жьдмыІэн щІыжьитІэр ло?!

### Псэ

Уи лъэм уэзримыхьэж, пхуэзфІэмыкІыжІа хьуамэ, къарукІэ, псэкІэ пщІэувэу узышэчІами, узытемыхьэлъэ щІыжьыж, къыпхуеизжІакъым. Апхуэдэщ я нэхъ ууей-узей дыдэу къэпльытэрэ!

Мы зи гугъу тщІым и щапхъэ: уи Іэпкъльэпкъыр узыж е мрыгъэжьэн тесу кІуэм хуэдэщ – къэувыІэмэ, джэлэнущ!

### ПІалъэ

ХьэщІапІэ дыкІуамэ, дыщІабэщ, дыгуапэщ, узыгъэкІуэтэжьыни сиІэщ, - жриІащ.

Ар зы гъэщІэгъуэн гуэр и гугъэри хьыджэбзыр къыдэкІуащ. КъыздэкІуам унэм зыри щІэльтэжьым, пщІантІэм зыри дэттэжьым.

НысащІэм куэдрэ зиплъыхьащ ужьхэпхэ зэрыгъэкІуэтрэ узыгъэкІуэтэжрэ къыльатэну и мураду, ауэ щимыльаГъуэм, хуэмышэчыжу и лІым еупщІащ.

ЛІыр щІэкІри хьэуазэ ІэмбатэкъыщІихьэри жьэгум дилъхъащ. И нысащІэр пэригъэтІысхьэщ, езыри бгъуфІтІысхьэжри хьуазэм мафІэщІидзащ. МафІэри ину къыщызэщІэнэм, къису хуежьэри тГъэ къикІуэтащ, мафІэбзийрщыужьхьыжьм, тГри кІэтГэжри гъунэгъуэ етІысыпІэжащ.

Мис аращ «укъызыгъэкІуэтэн узыгъэкІуэтэжи» жьхуаІэр! - жиІащ лІым.

## ●Хъыбар зиІэ псэпъафэхэр

### Укъызыгъэкіуэтэн узыгъэкіуэтэжи диІэщ

ЩІалэ тхьэмыщкІэ дыдэ гуэр щыІэт, лъэпкъи жэпкъи имыІэу, мыльку быдыми бгъэдэмыльу. ЩІалэр бжьыфІэт, кІабзэт, и нэ къэтэгъкым, и Іэ къэтэгъкым, ауэ тхьэмыщкІэти, зыми ипхъу къритыртэкъым. Щымыхъум, хамэ къуажэ кІуэри абы игу ирихьу хьыджэбз гуэр къыщигъэтащ.

- Сыбдэкіуэнщ, ауэ мыльку куу сыт уиІэ? - къеупщІащ хьыджэбзыр.

- Сэмыльку куэдсиІэкъым, ауэ ди гъащІэ псокІэ дрикъуну укъызыгъэкІуэтыни сиІэщ, - жриІащ.

Ар зы гъэщІэгъуэн гуэр и гугъэри хьыджэбзыр къыдэкІуащ. КъыздэкІуам унэм зыри щІэльтэжьым, пщІантІэм зыри дэттэжьым.

НысащІэм куэдрэ зиплъыхьащ ужьхэпхэ зэрыгъэкІуэтрэ узыгъэкІуэтэжрэ къыльатэну и мураду, ауэ щимыльаГъуэм, хуэмышэчыжу и лІым еупщІащ.

ЛІыр щІэкІри хьэуазэ ІэмбатэкъыщІихьэри жьэгум дилъхъащ. И нысащІэр пэригъэтІысхьэщ, езыри бгъуфІтІысхьэжри хьуазэм мафІэщІидзащ. МафІэри ину къыщызэщІэнэм, къису хуежьэри тГъэ къикІуэтащ, мафІэбзийрщыужьхьыжьм, тГри кІэтГэжри гъунэгъуэ етІысыпІэжащ.

- Сыбдэкіуэнщ, ауэ мыльку куу сыт уиІэ? - къеупщІащ хьыджэбзыр.

- Сэмыльку куэдсиІэкъым, ауэ ди гъащІэ псокІэ дрикъуну укъызыгъэкІуэтыни

## ●Жыіэгъуэхэр

## Хущхъуэгъуэ зимыІэ уз щыІэкъым

❖Уи зы зэманыгъуэр икІмэ, хьэйм уимыкІ - адрейр къыппоплъэ.

❖Хущхъуэгъуэ зимыІэ уз щыІэкъым, щымыІэр еІэзэнщ.

❖ Зэрыщымыту зыкъыпщыызыгъэхьэр, зэрыщытым тоукІытыхьхьэж.

❖НахуапІэр хьэкъыу япхыкІын щхьэкІэ, пщІыхьэпІэуи зэ яльатъужьын хуейщ.

❖Гуныкъ уэгъуэ зимыІэм имыІэ щыІэкъым.

❖Псы хьэлэлыр беи тхьэмыщІэ зыкъыІэтауэ щытащ. Фашистхэм япэщІэува студент гупыр щыкІуэгъэуэм и 17-м Прагэ щызэтрауклІауэ щытащ. 1941 гъэм Лондон унафэ къыщащтауэ щытащ илъэс къэс ар щытуэу махуэу икІи студентхэм я зэкъуэтэныгъэм и махуэу ябжьыну.

Щыгъуэ махуэу къежьами, нобэ Студентхэм я махуэр псоми я гуфІэгъэуцужащ, зэпеуэхэр, нэгуэшыкІэ пшыхьхэр къызэрагъэпэщ.

Мы пшыхь хьэлэмэтыр ирагъэкІуэкІыну къыхэзыпльхьар товарведенемрэ коммерцэмрэ къудамэм я студентхэрат. Абыхэм я гукъыдэжьыр зыльэгъуэ мыдрей къудамэжьм я студентхэмрэ егъэдгъакІуэхэмрэ программэ гъэщІэгъэн зэхаТьхьат.

АбыкІэ студентхэр къэмыкІуэ, «Жор Пльыкъ» зэгухьэныгъэм республикэм щиІэ къудамэмрэ, КъБР-м Щалэгъуалэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и къарэрал комитетымрэ зыпащІэри Іуэхугъуэ щхьэпэ яублагъуэ. Апхуэдэ гу щабэрэ псэ къабзэрэ зиІэ дИ щІалэгъуалэм я пщэдейнэху хъуну сахуо хьуахьуэ. Мы махуэ пІалъэм мпхьэпІуу дztэнэ зы студентми мазэ хьэкъ стипендие иратыну унафэ сщІащ. Мы пшыхьыр къызэгъэпэщыным зи гуащІэ хэзыпхъха, нэхъ кІыхэжаныкІа студентхэм мазитІ хьэкъ стипендие еттынущ, - жиІащ КъБКъМА-м и ректор Жэрыкъуэ Борис къыщыпсэпхьам.

Сабий ныкъуэдыкъуэхэм товаведениемрэ коммерцэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Къудей Руслан хьэщІэхэм псалъэ гупэкІэ зэхуитэжащ:

- Студентхэм я махуэ лъапІэмкІэ сыныво хьэхъуэ, уэзышыгъэ быдэ фиІэну, фи щІэныгъэм хэвгъэхъуэну си гуапэщ. Нобэрей зэІущІэм псапащІэ Іуэхуи къыхэдгъэхьащи, ар къыдэхуІэну сыхуейт. КъетшэлІа сабийхэм закъуэныгъэр, гуныкъэгъуэр зыхьмащІэу, дз дахэ ригъуэгэр ящІэмэ тфІэфІ, мы пшыхьым «Дыізэгъуэщ» фІэтащ.

Адзкіэ псалъэ ирагащ пшыхьыр къызэгъэпэщыным зи гуащІэщхуэ хэзыльхьа, КъБР-м ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и къарал комитетым и унафэщІ Пащты Борис:

- Ди комитетым къыбгъэдэкІыу сэлам гуапэ псоми фызох икІи Студентхэм я махуэ лъапІэмкІэ сынывохъуэхъуэ, Академием щеджэщІалэгъуалэм къыраХьэжьа Іуэхур къайхъуІауэ къызэльытэ. Мыбы къыкІэлІа дэтхэнэми Іуэху гуапэ, щхьэпэ ящІауэ уби хъунуц. Ар хабзэфІ хъуну сыхуейт.

Дэри, комитетым, ди къару кІыхь къэдгъэнэнкъым, зэрыхьукІэ зыфщІэдгъэхьэнщ.

- Ди студентхэм яубла Іуэху щхьэпэм псори ды-

## ● Нэщэнэхэр

## Бабыщхэм удзым зыхакухьмэ...

**● Якъыр я тэмакъым тенамэ, зыгуэрым хьэлэл хъахуимыщІа къафІэщІырт.**
**● Адакъэр бжэІупэм къыІуувэрэ, и щІыбагъыр къэгъэзэуэ Іуэмэ, фІыкъым, жаІэ.**
**● Бабыщхэм удзым зыхакухьмэ, уэлбанэ хъунущ.**
**● Бжьыным фэ куэд тельмэ, щІымахуэр щІыІэ мэхъу.**

## ● Пщэдей Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ

# Псомиди зэхуэдэ шынагъуэ

Урыс пащтыхь Петр Езанэм и лъэхъэнэм къаГъэунэхуэ тутыным цІыхум и узынШагъэм зэрагнытъэ къыхуихыыр къахута иужь а щхъухьым пщІэуващ. Нобэми абы бэнэныгъэ мащІэ драгъэкІуэжІыжькІэ, дрищхьэкІэ тутынафэхэм я бжьыгъэм хэщІу иГьагъуркъым. Абы и закъуэкъым-тутын лІэужьыгъуэхэм хохьуэ, абы дихьэххэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Тутыным и тхьдэм кІэлъыпІэ щІэныгъэлІхэм зыкъзэрахутамкІэ, а Іуэхум ямыгъеІуэу цІыхуми зыщратыпар 20-нэ ІэпщІыбгъэм и пэщІэдзэхэрщ икІи нобэр къыздэсым къонэжь «эпидемие ушынагъуэхэм» ящІыщ зыІуэ. Нобэ тутын зэрефэм къыхэкІ уэ зэмылІэужьыгъуэхэм ильэс къэс ильыкІуэм и бжьагъэр дзиІэ псом мелуаГуани 3-м щІыщІегъу. Іуэхум зэхъуэжьІыныгъэ имыгъэтмэ, 2025 гъэхэм ирихьэлІэу абы илыкІэхэм я бжьагъэ ильэсым мелуани 10-м нэсыжыщ.

ЦІыхуэхъуитІ къэс зыр, цІыхубзитхум - етхуанэр мы зэманым тутынафщІ. Урысейм и закъуэ къаштэмэ, ар цІыхуэхъуэм я процент 65-рэ, цІыхубзхэм я процент 30 мэхъу. Ауэ щхьэхуэр, я нэхъыбэр абы есащ балигъ ныбжьым нэмысу. Иджыпсту дунейпсо щІэныгъэлІхэр зытешыныхьыр щІалэгъуалэм тутын куэдыщэ ираф зэрыхьуарщ, махуэм хуоэ сигарети 7-12. Ди къэралым щІалэгъуалэм мелуани 3 тутын щофІэ. Нобэ игъуэ нэмысу дунейм ехьыжахэм я процент 17-р тутыным и зэранкІэ малІэ. Дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкІэр щекІакІуэ мы зэманым, дэтхэнэ зы узыфэри цІыхум и Іэпкъльэпкъыр нэхъ пэлъэщыгъуэй мэхъу.

Щэхъуэкъуэм и 15-м къБКъМА-м щекІуэкІащ пшыхь гуанэ. Ар Іуэхугъунэфым екъэлІа: Студентхэм я дунейпсо махуэр гъэтхэпІэнымрэ абы ирихьэлІэ псапащІэ Іуэху егъэкІуэкІынымрэ.

СТУДЕНТХЭМ я махуэшхуэм тхьэдэ гъэщІэгъуэн иІэщ. Петр Езанэм и унафэкІэ 18-нэ лІэщыщІыгъуэ Урысейм ящІэ университетхэмрэ академиехэмрэ къыщыхэзІуахауэ щытащ. Студентхэм я гъащІэмрэ еджэныгъэмрэ хабзэ зубзыхуэм тетыр, абы ебакъуэм тезыр трапхъэрти, ахъшэ ирагъэтырт, лэжьакІуэ щыгъын щагъэтІагъэрт, е и Іэщэр трахырт. И кьалэнхэм ехъулІэмэ, зауэлІ щэ гъапІэ къыфащырт. А зэманым ирихьэлІэу студентхэм стипендие ирату къаублащ. Ялэ дыдэ стипендие къэзыпхьахэм я щІэхэр иту тхьапІы щыІэщ ирихьэлІэ. Абыхэм ират ахъшэр щыгъын, тхыль къращэхуну, фэтэр къращтэну яхурикъурт. Еджэным илъэсищ-пІым ихьырт. 18-нэ ІпщІыгъуэм и кІэм ирихьэлІэу Урысейм еджапІэ нэхъыщхьэу 12 ихьт. Абыхэм щІэс студентхэм я бжьыгъэр 1897-1908 гъэхэм ирихьэлІэу зэуэ дауеят, нэхъыбэу еджэным хущІэкъуэ мэкъумэшыщІэхэрат.

1939 гъэм нэмыцэхэр Чехословакиеми щытеуам, студентхэм зыкъаІэтауэ щытащ. Фашистхэм ялэщІэува студент гупыр щыкІуэгъэуэм и 17-м Прагэ щызэтрауклІауэ щытащ. 1941 гъэм Лондон унафэ къыщащтауэ щытащ илъэс къэс ар щытуэу махуэу икІи студентхэм я зэкъуэтэныгъэм и махуэу ябжьыну.

Щыгъуэ махуэу къежьами, нобэ Студентхэм я махуэр псоми я гуфІэгъэуцужащ, зэпеуэхэр, нэгуэшыкІэ пшыхьхэр къызэрагъэпэщ.

Мы пшыхь хьэлэмэтыр ирагъэкІуэкІыну къыхэзыпльхьар товарведенемрэ коммерцэмрэ къудамэм я студентхэрат. Абыхэм я гукъыдэжьыр зыльэгъуэ мыдрей къудамэжьм я студентхэмрэ егъэдгъакІуэхэмрэ программэ гъэщІэгъэн зэхаТьхьат.

АбыкІэ студентхэр къэмыкІуэ, «Жор Пльыкъ» зэгухьэныгъэм республикэм щиІэ къудамэмрэ, КъБР-м ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и къарэрал комитетым и унафэщІ Пащты Борис:

- Ди комитетым къыбгъэдэкІыу сэлам гуапэ псоми фызох икІи Студентхэм я махуэ лъапІэмкІэ сынывохъуэхъуэ, Академием щеджэщІалэгъуалэм къыраХьэжьа Іуэхур къайхъуІауэ къызэльытэ. Мыбы къыкІэлІа дэтхэнэми Іуэху гуапэ, щхьэпэ ящІауэ уби хъунущ. Ар хабзэфІ хъуну сыхуейт.

Дэри, комитетым, ди къару кІыхь къэдгъэнэнкъым, зэрыхьукІэ зыфщІэдгъэхьэнщ.

- Ди студентхэм яубла Іуэху щхьэпэм псори ды-

## ● Іъэпкъ шхыныгъуэхэр

## КІэртІофрэ кхъуейрэ зыдэль дэлэн

Тхьэвыр яГъэхьэзыр пщагъэ хэльуи хэмыльуи. Дэлэным далъхьэну яГъэва кІэртІофым тхъуцІыну тІэкІу халъхьэри, яуб, итІанэ щатэ халъхьэ, нэхъ ІитІэльатІэ хъун папщІэ. Абы бжьын, цІыкІуу зэпыупщІауэ кхъуеищІэ, джэдлэн, щыгъу зэрафІфІкІэ халъхьэ.

ТкІэвыр яху зрагъэкъэну тебэм и инагъым хуэдизу, сантиметр 1 – 1,5-рэ и Іуавгъэуу. Дагъэ зыщхуа тебэ кхъэлпЛам ирапхъэ тхъэвыр и Іупщ1ащІэм кхьидэхьеиуэ щытын хуейщ. Абы кІэртІофыпмэ кхуеймрэ зэхуэдэу трапхъэ сантиметри 2–2,5-рэ нэхъ имыІуавгъэу. И щыІум трапІэж нэхъ пащІэу яхуа тхъэвыр. И нэхъэр къекІуэкІыу хуэсакъыу ІэкІэ зэрагъэубыд. Дэлэным и щыІур щыпІэ зыбжанэм сэкІэ щыхъупщІэ. Ар духовкэмэ яГъажьэ. Хъэзыр хъуэ дэлэныр тепщэчыщхъуэм ирапхъэри, Іэнэм пщтыру трагъэувэн и пэкІэ, тхъуцІыну щахуэ.

*«Адыгэ щхьинхэр» тхьилым кьитхьжащ.*

**НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар щХЪЭЩЭМЫЩІ Иэщ.**

«Адыгэ псалъэ» газетым и пэжыкІуэхэр редакцэм и сурэтхэм **Къарей Хъинэ** хуогъэзавэ абы и адэшхуэ **Къарей Мухьэмэд и къуэ Тэфил** зэрыІам кхьыхьІыу.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**ЖьэкІмыхьу Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Щирдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жьлаго Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

**ДИ ХЭЩІАПІЭР**

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щхьэ 1 щыІэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкі - 42-22-86; щхьажь гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозреателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхугъаіпі Іэхэм ядолжьэныкмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщэхмкІэ, спортымрэ пресмохмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-22-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

**Тедзэ тхыгъэхэм ящыІыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэхэм и эуэ жэуап яхьы. Авторхэмрэ редакцмрэ я Іуэху епльыкІэр эзтехуэ зэпыту щыгъыным.**

**Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуохьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІынъгъэхэмкІэ и управленэм.**

**Тел.: 42-06-51, 42-19-59.**

**Газетыр щиныкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.**

**Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту яГуащ.**

**Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.**

**КъБР-м Щхьабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкі и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и щІэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щхьэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.**

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэр:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЖьэкІмыхьу Мариндж, корректорхэр Щоджэн Инэ *(1,2,5-нэ нат.)*, Табыщ Динарэ *(3,4,6-нэ нат.)*, корректорхэм я дзэпишкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ:* Мэлбахуэ Анжелэ, *сурэтыщІ* Бицу Жанэ.

**Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531●Тираж 10.045●Заказ №3359**


**ЕкІуэкІыу:** 1. Бжьыхь, чий сыт хуэдэхэр щахухІэ чыр зыдадз пхъэ яе хуэкІыхь. 3. Шы лъэпкъхэм ящыщ псэущхьэ мыин. 5. Псы, шэ зэрызэрахьэ щыкъу. 7. Нэхъапэхэм жыпагъуэхэм я тепщэщыта. 8. Пы щІагъуэ зытемылъ. 10. Адыгэ унэщІэ. 12. Іэпслъэпс 14. Гъуаплъэм къыхэщІыкІа псылъэшхуэ. 17. ЦІыхур е псэущхьэр къыщалъхуамрэ щыІэжамрэ яку дэлъэмкІ. 19. Пхъэщхьэмыщхьэ. 21. Фэхэр, цІыхэкІ щэкІэр зыщх хьэпІащІэ. 23. Унагъуэ псэущхьэ. 24. Джэдкъазхэр, къуалэбзуэкІэ щыкІэщІ, щыгъуэ алъхьэ егъэзыпІэ. 25. Удз лІэужьыгъуэ. 28. ІэфіаГъ-дыджагъ къращІэу къагъэсэбэп пкъыгъуэ. 29. ЦІыІунэщыІуэщхьэу ящхьэжьэмэ традз щэкІ бгъуэз хуэкІыхь. 31. ЗыщІыпІэ икІыу нэгъэущІыпІэ кІуэн папщІэ къагъэсэбэп зекІуапІэ. 32. ЛІам иращІэкІ дауэдапщэ. 34. Джэдыр адакъэм къызэрыщхьэщыкІыр къызэрагъэльагъуэ псалъэ. 36. Іэщэ лІэужьыгъуэ. 42. Адыгэ унэщІэ. 43. Ахъщэмым ипэ кІыхуэ зэман. 47. ЩынэтІу зэгущхьэуа мэл. 50. Къуажэм щыщ Іыхьэ. 53. Гъэм и зэман. 55. Хьэпщхупщ. 56. Куафэр шы джабэм щымихьэри щхьэкІэ уанэм кІэращІа ф1э бгъуэ пІлІмитІым. 59. Ягъэрэ. 58. Зыгуэрым трищІа фІей щащэ. 59. Аргъуей, бадзэ сыт хуэдэхэм зэреджэ. 61. Зи гугъу пщІы, зи щІэ къипІуэ, пщІэ, блэжь мыхъуну къалъытэ гуэрхэм ехьэлІауэ жаІэ псалъэ. 62. ГъэшхэкІ. 63. Нотэ. 65. Унагъуэ псэущхьэ. 69. Унэм щыщэрахуэ Іэщ щыкІу лъэпкъ. 71. Удз лъэпкъыгъуэ. 74. Іусыпхъэу къагъэсэбэп къэкІыгъэ. 76. ПщафІэ Іэмэпсымэ. 77. ТырыпТу зэгъуэхэм яз. 78. Дунейр къэзыуухар, къагъэщІакІуэ. 79. Жыгым тета къудамэхэр тещІыкІа иужькІэ, пхъэм къыхэнэр. 80. Хьэуам щыІпІэщІыпІэкІэ зэхуэхуса щыхьэ псы бахъэ. 81. ЦІыхум и кІуэцІым щыщ Іыхьэ.

**Къехьу:** 1. Пластэ, мырамысэ сыт хуэдэхэр щащІкІэ зэрапщ пхъэ хьэнщэ цІыкІу. 2. Менделеевым и периодическэ системэм и апэ гупым щыщ Іыхьэ. 3. Шым и щІэжьей. 4. Мусльэмэн диныр зезыхьэм Алыхьым щелъэІукІэ хъэрыпыбзэкІэ къабж нэмэзыбзэ. 5. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. 6. Мэз джэд лъэпкъыгъуэхэм ящыщу губгъуэхэм, мэкъуэпІэхэм узыщІрихьэкІэ ящІалэбзу мыин. 7. Іэпкъльэпкъым щыщ Іыхьэу нэкІум хэтыр. 9. Нартыху хъумапІэ. 11. УмышІэхэхэу къыпщыщІ мыхъумыщІагъэ. 13. Уасэ зэралытэ дамыгъэ. 14. Жыгхэр ябгъущІтІэпІкІэ къащІ быжьей. 15. Нэщхьеягъэ. 16. «...-м япэ псэр ихуэ». 18. Адыгэ унэцІэ. 20. «Кърым хьэныр Къэбэрдейм къыззрытеуар» хьыбарыр зи Іэдакъэщ1экІ адыгэ тхакІэр. 22. НапщІэм декІуэкІыу тет цы. 23. Бальэ, гугъуехь. 26. Ныкъусаныгъэ. 27. Унагъуэ джэдкъаз. 29. Іэщ зыщІэт псэуалъэ. 30. Зыгуэрым упыбзыщІэ Іуэхуэ. 31. Адыгэ Іуэхубзыщ1э. 33. ЗэрызэпаупщІ Іэмэпсымэ. 35. Кумбыгъэ гуэрым и льащІэ. 37. Бдзэжьей льэпкъ. 38. Хьэщэпщэхэм щыщ Іыхьэ. 39. Жьр тхьэгъу цІыкІуурэ щІа джанэ. 40. Нэхъапэм адыгэ сабийхэр зэрыджэгуу щыта Іэмэпсымэ. 41. Гъудэбадзэ Іьэпкъ. 44. Лым трищІэ пщэрыпІэм зэреджэ. 45. Пхъащхьэмыщхьэ. 46. Дыжьыныфэ зиІэ металл. 48. Іэпкъльэпкъ быдэ хэщІыкІыхэ зиІэ. 49. Ягъэбгъуэну гуэрыгъэ Іэщ, джэдкъаз. 50. Жьы. 51. Сату щекІуэкІ щІыпІэ. 52. Псылъгъэ зыщІэмытыж. 54. ГъущІ папщІэ псыгъуэ. 57. Адыгэ унэцІэ. 60. ХьэпкъхуэкІэ. 62. Адыгэ унэцІэ. 64. Бжьыгъэ зэпылъытыныр. 65. Щымахуэ щыгъын хуабэ. 66. ЛэжьапщІэ. 67. Зэ еІубгъуэ, зэ ягъэхьигъуэ. 68. КІуэцІым щыщ Іыхьэ. 69. Адыгэ цІыхубз фащэм щыщ. 70. Шхэлу зэрымылъ шхуэ. 72. Гъуаплъэм ящхьэщІыкІа щыуаныщхуэ. 73. ГъэшхэкІ. 75. Ху умкъгъа, кушэпапІэ зытрахуа ху. 76. ЛыпцІэр къупщхьэм кІэрызыщІыгъэ Іэпкъльэпкъым хэль лъэкІыхь псыгъуэхэм зэрадзэ.

**Зэхэзылъхьар АКЪСЫРЭ Резуанщ.**

**Щэкіуэгъуэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэлэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** 3. Дыщэкі. 6. Дыгъужь. 7. Тырку. 11. Бэчыжь. 12. Хуэзан. 14. Щам. 16. Дауд. 19 Къаус. 20 Агъэн. 21. Бала. 22. Бырс. 25. Къуныжь. 27. Ало. 29. «Сурэт». 30. Тэбакъ. 31. Нэгъуч. 33. Иуан. 34. Андыз.

***Къехьу:*** 1. ТІыхъужь. 2. КІэщт. 4. «Шыдыгъу». 5. Арджэн. 8. «Нэхущ». 9. Къудащ. 10. Балъкъ. 13. МацІыкъ. 15. Еутых. 17. Тэн. 18. Бак. 23. Саут. 24. «Гулэз». 25. Къунан. 26. Хьэпсэ. 28. Къэуал. 32. Чынт. 33. Иныжь.